ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№202 (22.860) • 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 8, бзэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэу спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр зыхуэдизымрэ ахэр зэрыхуагъэув щІыкІэмрэ теухуа Положенэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм фокІадэм и 26-м кьыдигъэкІа Указ №143-УГ-мкІэ къащтам зэхъуэкІынигъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэу спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр зыхуэдизымрэ ахэр зэрыхуагъэув щІыкІэмрэ теухуа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменхэу спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ахъшэ тыгъэхэр ящуэгъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм фокІадэм и 26-м кьыдигъэкІа Указ №143-УГ-мкІэ къащтам зэхъуэкІынигъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 4-р мы кьыкІэлъыкІуэм хуэдизу кьэхьын:

«4. Мы Положенэм кьыщыгъэлъэгъуа спорт зэхьэзэхуэу зым хиубыдзу спортсменым пэрыт увыпІэу зыбжанэ щиубыдамэ, абы ахъшэ тыгъэ щІыхухахыр екъуЛэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэм папщІэщ.».

2. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм фокІадэм и 30-м
№186-УГ

2014 гъэм и бжьыхьэм щІыхуэхр дзэ къулыкъум гъэкІуэныр кьызэгъэпэщынымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэжІынымкІэ къалэнымрэ дзэ къулыкъымрэ я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым тету икІи 1987 - 1996 гъэхэм къалъхуа щІыхуу зи ныбжьыр илъэс 27-м нэмысахэр, запасым щымыІэхэр 2014 гъэм и бжьыхьэм дзэ къулыкъум гъэкІуэныр кьызэгъэпэщын мурадкІэ **унафэ щІ**:

1. Къэщтэн мы Указым щІыгъуэху:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэхр дзэм гъэкІуэнымкІэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щІыхуэхр дзэм гъэкІуэнымкІэ я комиссэхэм хэтхэр;

2014 гъэм и бжьыхьэм дзэм къулыкъу щащІэну ягъэкІуэн хуэй щІыхуэхм я узыншагъэр кьыщапщытэну икІи абыхэм щеІэзэну медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ я органхэм чэнджещ етын 2014 гъэм и бжьыхьэм щІыхуэхр ягъуэва пІалъэхэм кьыриубыдэу дзэм гъэкІуэныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм ящІыгъуу кьызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ ІуэхущхьэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыпм чэнджещ етын щІыхуэхр дзэм кІуэну щраджэ икІи командэхэр щрагъажьэ махуэхэм дзэм ягъакІуэхэм я зэхуэсыпІэхэм, республикэм и ГъущІ гъуэгу станцхэм, автовокзалхэм жылагъуэ хабзэр щыхъуэныр кьызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щІыхубэ коммуникацыхэмкІэ и къэрал комитетым хуэгъэувын щІыхуэхр дзэ къулыкъум зэрагъакІуэм пыщІа Іуэхухэр щІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьыщыгъэлъэгъуныр кьызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щащІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм фокІадэм и 30-м
№188-УГ

Уэнаев Казым и псалъэ.

Нобэрей пщалъэхэм къотІасэ

● Дыгъуасэ

Ди республикэм и Прохладнэ куейм хиубыдэ Новэ Покровскэ - Прималкинскэ - Новэ Полтавскэ жылэхэр зэпызыщІэ, иджырей пщалъэм къотІасэу зэрагъэпэщыжа автомобиль гъэзугъэр гуфІэгъуэ щІыкІэм иту дыгъуасэ кьызэІуахащ. А Іуэхугъуэм теухуат Прохладнэ куейм хиубыда Прималкинскэ къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и гупэм а махуэ дыдэм щрагъэкІуэкІа пэкІуи.

ЗЭХЬХЬЭМ кьрихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и вице-премьер **Уэнаев Казым,** транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Кьуэдей Арсен** сымэ, нэгъуэщІхэри. ПэкІуи ипэ кьихуэу, абы зыкъырызыгъэхьэлІахэр ирагъэдэІуащ Прималкинскэ къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и «Родные просторы» щІыхубэ уэрэджЫаКІуэ гупым иГъэзэщІа уэрэд нэжэгужэхэм.

- Зы гъэм адрей илъэсыр кьыкІэлъыкІуэу, ди районыр ещІакІуэ эпытту, - жиІащ пэкІур кьызэІузыха, Прохладнэ куейм и щІыпІэ администрацэм и тхьэмадэ **Говоров Сергей**. - Ди деж фельдшер-акушер пунктыщІэхэр кьыщызэІуах, щэнхабзэмкІэ унэхэр, курыт еджапІэхэр щызэтраухуэж, гъуэгуэр зыхуэІ щыхуагъаэ. Абы кьыдэкІуэуи, дэ щыхьэт дытохъуэ ди къуажэхэм яІэу щыта теплъэми кІуэтэху къэс фІы и лъэныкъэкІэ зэрызахъуэжми.

Километр 16 си кІыхьагъ гъуэгуэ и зэгъэпэщыжыным ерыщу зуэж итащ «Аруан ДРСУ» ООО-м и ІэщІагъэлІахэр. Абыхэм фІыщІэ зэрыхуащІыр кьагъэлъагъуэу, зи лэжьыгъэм кьыщыжэжаныІахэм щІыхь тхыльхэр иратын папщІэ, пэкІуи кьебдэгъа хьэщІэ лъапІэхэр утыкум кьихьащ. Апхуэдэу, гъуэгум и уэхуакІуэхэм псалъэ гуапэ хуэжьыІахэм ящыщщ Прималкинскэ къуажэм и администрацэм и унафэщІ **Самбурский Вадим**.

ИужькІэ, данэ лентІ плъыжьри зэпаупщІри, автомобиль гъуэгур кьызэІуахащ, и фІагъыр зыхуэдэр кьапщытэу, уэхаІуэхэм я хьалъэеш транспортКІэ ирикІуащ, шыпагъуэншагъэм кьызэритІасэр игъуэнэхуащ.

КЪУМАХУЭ **Аслъэн.**

Жьы хъуахэм дэрэжэгъуэ ират

Зи ныбжь хэкІуэтахэм я дунейпсо махуэм теухуа концерт Налшык и зыгъэпсэхупІэ паркым щыІэ къэфапІэ пэшым щекІуэкІащ. Я Іэзагъымрэ Іущигъэмрэ дарейхэм ябгъэдэзыльхьэ, пщІэ, щІыхь зиІэ нэхъыжьыфІхэм хуэщІа пшыхь дахэм и къызэгъэпэщакІуэщ къалащхьэм и щІыпІэ администрацэр.

ГУГЪУЕХЬХЭМРЭ лэжьыгъэкІэ гъэнщІа гъащІэ гъуэгуанэ кьызэзыпэкІа нэхъыжьыфІхэм махуэшхуэ хъуэхъу псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ къалэ администрацэм, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я лЫкІуэхэм.

- Фэ фи ныбжь кэкІуэтуэу жыпІэныр езэгъыщэркъым, апхуэдизу жыджэгъаргъэ фІэщхъуныгъэкІэ фи гъащІэр псыхьащ, - кьыхигъэщхьэхуэкІащ хьэщІэхэм защыхуигъазэм Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Кьуэдзокъуэ Мухьэмэд**.

- Дэ кьыдгуроІуэ жьы хъуахэм я дежкІэ дэтхэнэ махуэри гуфІэгъуэу щытын зэрыхуейр. Дэ ар апхуэдэу зэтедухуэным зэпымыууэ ди нэІэ тедгъэтыпхъэщ. Къалэм и администрацэм и къарум дэхуэ псори зэфІигъэкІынущ фхуэфащэ гулъытэ вгъуэтын папщІэ.

- Фэращ нобэ ди гъащІэр зыунэтІыр, ар нэхъ насыпыфІэ зыщІыр. ФІыщІэ фхудощІ фэ вдэтгъагъу хэкупсэм, щІалэгъуалэм гъэсэныгъэ тэмэм ягъэгъуэтымым хуэфащІ хэлъхьэныгъэм папщІэ, - жиІащ «Урысей эскъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и Іэтащхьэ **Каннуниковэ Татьянэ.**

Зи ныбжь хэкІуэтахэм я дунейпсо махуэшхуэм гульытэншэу къагьанэркъым ди нэхъыжьхэр. Заузэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ зэщІэуэзэда къарухэм, хабзэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Абдулаев Мустэфа щІыхь тхыльхэр яритащ Гуащ1эдэжІ щІыхь орденым и нагъыщэ псори зиІэ Амщокъуэ ХьэжІуинэ, спортым и ветеран, атлетикэ хьэлъэмкІэ спортым и мастер Уэнаев Владимир, Хэку зауэщхуэ орденым и етІуанэ нагъыщэр зезыхьэ Лобанов Борис сымэ.

Пшыхьым кьрихьэлІа ветеранхэм я нэгу зрагъэужьащ уэрэджЫакІуэ цІэрыІуэхэу Даур Иринэрэ Ташло Алийрэ, «Къуршхэм я бынхэр» сабий къэфакІуэ ансамблым, нэгъуэщІхэми. Махуэшхуэ зэхуэсым и кІэухым абы и кьызэгъэпэщакІуэхэм хьэщІэхэм ератащ ахъшэ саугъэтхэр.

УАРДЭ Женя.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *тІихащ.*

Пшыхьым кьрихьэлІахэр.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд нэхъыжьхэм захуегъазэ.

Бжьахъуэхэр Налшык щызэІуощІэ

Жэпуэгъуэм и 15 - 19-хэм республикэм и къалащхьэм фо щащэ жарымыкІэ щекІуэкьынущ.

АБХЪАЗЫМ и утым кьекІуэлІэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Липецкэ областым, Башкириемрэ Кьэзакъпі э Жыжьэм, Абхъазым щыщ бжьахъуэхэр.

Жармыкіэр кьызэзыгъэпэщыр Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэмрэ Пятигорск къалэм щыщ «Валтекс» ООО компаниемрэщ. Ар махуэ кьэс сыхьэти 9-м щегъэжьауэ сыхьэт 18-м нэсыху лэжьэнущ.

УЯНАЕВЭ Заринэ.

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

ЩытыкІэр зыхуэдэмрэ къалэнхэмрэ

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм Дыкъэзыухъуреихь дунейр кьызэрагъэсэбэпым кІэлъыплъыныкІэ и департаментым иджыблагъэ Налшык щриГъэкІуэкІа зэІущІэм санитар-экологие хабзэр кьызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ иужьрей илъэсхэм щІыпІэхэм щызэфІагъэкІаэр щызэпкърахащ.

ЗИ ГУГЪУ тщІы Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Саркисов Роман кьызэрыхигъэщамкІэ, абы и лъэныкъэкІэ щытыкІэр иджыри гугъуу кьонэж, щыщІэныгъэхэр икъуКІэ куэдщ, пхъэнкІийм рэ кІэрыхубжьэрыхуэхэмрэ Іэубыдыпі эншэу зэтрехьэ.

- Дыкъэзыухъуреихь дунейм кІэлъыплъыныкІэ федеральнэ Іэнатіэр 2011 гъэ лъандэрэ мы Іуэхум жыджэру яужь итщ. ИкІи щытыкІэр нэрылъагъуу иригъэфІэкІуэн, чэнджещэ гъэкІуэдыныкІэ яхь жэуапір игъэлъэщын мурадкІэ, дунейм илъэсищ зэкІэлъыкІуэм къэралым и щІынапъэм щызэфІэгъэкІыпхъэхэм я планыр мы гъэм и мэлыжьыхьым кьищтащ. Абы ипкъ итКІэ, дэрэ ди лэжьыгъэм зэхъуэкІныгъэхэр хэтлъхьащ. Накъыгъэ кІуа лъандэрэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым гектар 36,136-рэ зыубыд пхъэнкІий, кІэрыхубжьэрыху идзыпІэ Іэрыщ1у 313-рэ кьыщыгтхутащ. Абыхэм я нэхъыбэр Къэрэшей-Шэрджэсым, Дагъыстэным, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Ставрополь крайм хуоз. Департаментым и щІыналъэ кьудамэхэм ныкъусаныгъэ 85-рэ кьыщІагъэщащ, ахэр зи Іэужь Іуэхущ1апІэу 17, кьулыкъущІэу 21-рэ, цІыху щхьэхуэу 9 административнэ жэуапым ирашэлІащ, иужьрей мазиплІым кьриубыдэу гектари 7,24-м кІэрыхубжьэрыху идзыпІэ Іэрыщ1у 37-рэ щагъэсеящ. КъыхэгъащІыпхъэщ 2011 гъэм и щыщхьэуІу лъандэрэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІыналъэм а лэжьыгъэр зэрыщрагъэкІуэкІыр.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Сыхьэт 40-м и пІэкІэ

Тхьэмахуэм кьриубыдэу махуиплІ фІэкІа мылэжьэн хабзэм Урысей Федерацэм щытехьэным теухуа жэрдэм кьыхилъхьащ Лъжьыгъэмкіэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (МОТ).

А Іуэхущ1апІэм кьызэрыщ1ащытэмкІэ, лэжьэгъуэ махуэхэр гъэмэщІэныр (сыхьэт 40-м и пІэкІэ сыхьэт 36-рэ) Іэнатіэ Іутхэм я узыншагъэмкІи дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэнымкІи сэбэныщхуэ хьунущ, апхуэдэуи нэхъыбэм Іэнатіэ етыныжкІи щхьэпэнущ. Іэщ1агъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, цІыхур куэдыІуэрэ лажьэным узыфэхэр кьыхокІ.

МОТ-м кьызэрилъхьа жэрдэмым мыгувэу щыхэплъэнущ УФ-м и Къэрал Думэм, ауэ абы и пэ кьихуэу абы щытепсэлъыхьащ къэралым и Правительствэм.

«Иджыпстукіэ дэ апхуэдэ Іэмал диІэкьым. Махуипл1 фІэкІа мыхъу лэжьэгъуэ тхьэмахуэм дыхуэхІэныр ди дежкІэ зэкІэ хьэунсапІэу аращ», - жиІащ Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Голодец Ольгэ. Вице-премьеры апхуэдэуи кьызжиІащ УФ-м и Лажьыгъэ кодексыр дунейм щынэхъыфІхэм ящыщ кьызэралытэр. Псалъэм папщІэ, куэдрэ урихьэлІэркъым ди деж щыІэ хабзэхэм хуэдэ: илъэсым кьриубыдэу лэжьакІуэм ахъши ирату зы мазэкІэ зрагъэгъэпсэху, я upaxyy щытапщыщ Іыхьи кьахуэнэу, анэхэр я сабийхэм яКІэлъыплъыну Іэмал яІэщ.

Узыфэм зыщахъумэ

Дунейр мы зэманым нэхъ щитегущыІэныгъэ ящыщщ Эболэ техьэгъуэм псынщІэ дыдэу зэрызиубгъур.

Узыншагъэмкіэ дунейпсо зэгухьэныгъэм кьызэриТамкІэ, Кьухьэпі э Африкэм а узыфэм цІыху мини 3,5-м щІигъу щыпІыкІащ, ар зэфыкІхэм я бжьыгъэ минийм ноблагъэ. Нэхьыбэ дыдэ а узым щихьар Либерие, Сьерра-Леоне, Гвинее кьэралхэрщ.

Узыфэр нэсащ Европэм и къэрал зыбжанэм, США-ми лъэІэсынкІэ зыхуэІуа щыІэкъым. Апхуэдэу щІыжаІэм и щхьэусыгъуэр ар зэфыкІ цІыху зыбжанэм а къэралым зэрыщІэзэрщ. США-м щыщ цІыхуищэм щІигъум дыгъуасэ дохутырхэм зыхуагъэзащ, узыфэр кьапкърыхьауэ шэч ящІу, ауэ ахэр щІэгузэвэн щхьэусыгъуэ щымыІэу кьыжраІэри кьаутыпщыжащ.

Щ1ыхуэр зэрыгъэгужьеинкІэ гуэвэри, США-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм жиІащ а техьэгъуэ лІэужьыгъуэм уэзрыпэщІэтыфыну хущхъуэхэр зэрызэхалъхьэр. «Дэ дощІэ а вирусыр кьызэрыдгъэувыІэфыну щыкІэр икІи абы ди къэралым зыщедгъэубгъунукъым», - жиІащ Узыфэхэм якІолъыплъынымрэ абыхэм ягущІэтынымкІэ центрым и унафащІ Фриден Томас. - А узыфэр зыпкърыт, Либериемрэ щыщ Дункан Томас ди деж щагъэхъуэ икІи абы ди щІыхуэхэр имыщІэлэн щхьэкІэ зыхуэфащэ хабзэ псори догъэзащІэ. Узым зэрызыщыпхъумэну щІыкІэр пщІэнми мыхьэнэшхуэ иІэщи, абы ди щІыхуэхэр щыгъуазэ дощІ».

♦Хорватие Республикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ

♦Ульяновскэ областым щагъэлъапІэ еджакІуэм и махуэр

♦1860 гъэм Бахьсэн цІыхубэ судыр кьызэрагъэпэщащэу щытащ.

♦1970 гъэм Солженицын А. И. Нобель саугъэтым и лауреат хуащ.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, АР-ми УФ-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **ЗекІуэхъу Уэжыкъуэ** кьызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Умар Анатолэ** и иныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор **КьаГьаирмэс Царай** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зыхуэхъур мэдалъэ, зылъэмыкІыр мэлъаІуэ.

● ЩІэныгъэ

Япэ игъэщыпхъэхэр

Налшыкрэ Тегенекли жылагъуэмрэ щекІуэкІащ Урысейм и Ипщэ щІынальэм и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я VIII къэралпсо форум.

«ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМ зегъэужьынымкІэ щыІэ Іэмалхэмрэ Іуэхур къэзыльхьэ щхьэусыгъуэхэмрэ» унэтІныгъэ эрата мы зэІущІэр кьызэрагъэпэщащ Бэрбэч Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралъ университетымрэ «Урысейм и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэмрэ.

Форумыр Іыхьитіу гуэшауэ зэхэтащ: «Іэмалыщ1эхэмрэ хьэрычэтыщІэ Іуэху мащІэм зегъэужьынымрэ», «Егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэнымкІэ япэ игъэщыпхъэ къалэнхэр».

КИФЩІ-м и щІэныгъэлІхэр тепсэлъыхьащ гулъытэ зыхуэпІыпхъэ проектыфІхэр гъэлъэхьэным текІуэдану мылъкур кьыздикІынымрэ Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм я еджапІэхэмрэ щІэныгъэм зыщрагъэжьэ Іэнатіэхэмрэ я Іуэхур егъэфІэкІуэнымкІэ щыІэ Іэмалхэмрэ.

ЗэІущІэм ипкъ иту семинаритІ екІуэкІащ. Абыхэм щытепсэлъыхьащ щІэныгъэ-техникэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІхэмрэ Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм а проектхэр къадиІыгъа зэрыхъуну щІыкІэмрэ.

ШЭРЭДЖ **Дисэ.**

Налшык и «Горзеленхоз» Іуэхущ1апІэм и удз гъэгъа гъэкІынІэхэр жапуэгъуэм хуагъэхъэзыращ.

КЪАЛІЭ дыхьэпІэ нэхъыщхьэхэр, утхэр, зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэр, кьулыкъущ1апІэхэм я бжэІупэхэр зыгъэдахэ кхъуэщ1ын, шар, шар ныкъуэ теплъэ зиІэ экспозицэхэм зэуэ бжьыхьэ теплъэ ягъуэтащ. Иджы абыхэм щ1ыплъагъуэжыркъым гъэмахуэ удз гъэгъа лІэужьыгъуэхэр. Абыхэм я пІэм кьиуващ гъэгъа зимыгъуэсэ пщІащэ зэмыфэгъуэхэр. Ахэр жэпуэгъуэм икуэм нэсыху хэтынущ. Кьалэр зыгъэдахэ Іэщ1агъэлІхэм кьызэрыщ1ащ1амкІэ, ахэр бжьыхьэм и дуней щытыкІэм сыткІи езэгъэшу кьыхаха щхьэуантІагъэщ.

Гъэгъахэм ящыщу иджыпсту дэнэкІи цыболъагъу гладиолус лъагэхэр, астрэ зэмыфэгъуэхэр, георгинэхэр, роззхэр. «Горзеленхоз»-м и лэжьакІуэхэм иджыпсту щ1ыщІэдзауэ ягъэхьэзыр бжьыхьэкІэ гъэгъа лІэужьыгъуэхэр. Абыхэм я деж бжьыпэр щызыІыгъ епэр щхьэантІабзэхэр, гъэужьыбзэхэр, нэр ягъэгуфІэу удз гъэкІынІэхэм пІалъэр кьызэрысу кьихутэнущ. Іубах-хэм ихъ абыхэм я кьапщІийхэр япэ уэсми зыуи щащымыхъуу пщІэтынущ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

«Астрахань» - «Спартак-Налшык» - 1:1

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дыгъуэпшыхь Астрахань кьалэм щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжьыгъэ кьрикІуащ. Ди щІалэхэм ящыщу топыр дигъэкІащ Гъэ Григорий.

«Астрахань»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэІущІэр зэрекІуэкІамрэ зи чэзу джэгуГъуэм иужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеуху тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ЩытыкІэр зыхуэдэмрэ къалэнхэмрэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Къэрал властым и адрей къудамэхэр тщІыгъуу, иужьрей иІэсиплым щІигъум апхуэдэ щІыпІэу 3532-рэ къэхутащ, къуаншэхэм сом мелуани 8-рэ мин 868-рэ къуэдыуэ ятетлъхьащ. А пхъэнкІий идзыпІэ Іэрыщ Іэхэр къуажэщІэхэм, ГъавэІ щІапІэхэм, псыхъуэхэм, мэзыльхэм къыщыдгъуэтащ. Дыкъэзыухъуреихь дунейм хэщІыныгъэ зэрыратам щхьэкІэ сом мелуани 7-рэ мин 685-м хуэзэ искыу 137-рэ щхьэзыфІэфІхэм хуатхащ. Ди Іэхэущ Іапі эм республикэхэм щиІэ къудамэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ, кІахуэта кІэрыхубжьэрыхуу идзыпІэ Іэрыщ1 800-м щыщу 509-р ягъэсеящ, адрейхэми унафэ къыхуагъуэт, - жиІащ къэпсэльам.

Саркисов Роман къыгуэныІащ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я гъэзэщІакІуэ властым и Іэнатіэхэм зэрадэлажьэ щІыкІэм, Мылькур къэралым итхьинымкІэ, кадастрым-рэ картографиемкІэ, Ветеринар, фитосанитар кІэпльпльыныгъэхэмкІэ федеральнэ управленэхэм, ЩІыуэпс гъэтІылъыгъэхэмрэ бжьэзыухъуреихь дунейр хъумэныкІэ министерствэхэм иращІыпІа зэгурыІуэныгъэхэр зыхуэдэм, Іэнатіэхэм зэдай комиссэхэм я пщэрылъхэм, эколого-уэзщІынигъэ Іэхуэхэр зэрауэнтІым, щэбэт щІыхьэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщым иКи республикэхэм я щІыналъэ программэхэм щыуБзыхуэхэр пхъгъэхьымкІэ щІыІэ хэкІыпІэхэр игъэнэІуащ, абы и лъэныкъуэкІэ зыхуэкІ хабзэ псори зэрыщІыІэр кьиГъэльэгъащ.

КЪБР-м щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерым и къуэдзэ **Коновалов Олег** зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ рекламыгъэм къабзагъэр къыщІызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ я Іэнатіэм зэфІигъэкІхэм. Абы зэрыжиІамкІэ, 2010 гъэ лъандэрэ кІэрыхубжьэрыхуу идзыпІэхэр учет ящІ. Аэхэр 214-рэ хъурт, гектар 345-рэ яубыдыртри, ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ аэхэр хуэдитІым нэскІэ ягъэмэщІащ. Арами, проект тхьылъ зиІэхэр щІыпІитІ къудейщ - лІэщІыгъуэ кІуам и 80 гъэхэм Прохладнэ къалэ округым щаухуамрэ Аруан къуажэм пэмыжжьыжу къыщащъэсэбэп куей зэхуэку полигонымрэщ. Налшык къалэмрэ нэгъуэщІ муниципальнэ районищымрэ я кІэрыхубжьэрыху пкъыгъуэ быдзэкр полигоным щызэхадзри, техникэ-санитар пщалъэхэм къызэрагъэувым хуэдэу щІатІэ.

- Республикэм и щыхьэрым и экологие, и санитар-эпидемиологие щытыкІэр ирагъэфІыкІуэн мурадкІэ, щІыпІэ администрацэм программэ хэхаэр зрагъэщІэ. Илъэс къэс а Іуэхум къалэ бюджетым щыщу сом мелуани 7,8-рэ хухах. Мази 8 кІуам къуирубыдзу Налшык псыхъуэм, дачэхэм, къэхэм, зыгъэпсэхупІэ парк щыкІыхэм пхъэнкІий идзыпІэ Іэрыщ1у 27-рэ щыдгъэкъэбзащ. А лэжьыгъэм щІыпІэхэм хэкъуэзауэ щолэжь. Дыкъэзыухъуреихь дунейр зыуфІей Іэнатіэхэмрэ щІыхь щхьэхуэхэмрэ яхуэгъэзауэ дызэрыт жэпуэгъуэм и 15-м ирихьэлІэу тхьылъ 217-рэ дгъэхьэзыращ, сом мин 452-м щІигъу къуэдыуэ ятетлъхьащ, - къигъэльэгъащ министрым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Дыкъэзыухъуреихь дунейм кІэльпльыныкІэ и Іэхуущ Іапі эм и унафэщІ **Асанов Зейтун** зэІуцІэм щыізэпкърыхащ Іэнатіэхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэр зэрахъумэ, кьыізэрагъэсэбэп щыкІэм хабзэ хэлъхьэным теухуауэ иужьрей зэманым зрагъэхьулІахэмрэ къабзагъэр къызэгъэпащыным хуэунэтІауэ щІыпІэхэм щызэфІагъэкІхэмрэ.

- Абы и лъэныкъуэкІэ прокуратурэм и щІыналъэ къудамэхэм, Потребительскэ, Мэкъумэш кІэльпльынигъэхэмкІэ управленэхэм, ЩІыуэпсым и хъугъэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министерствэм, нэгъуэщІхэми жьыджэру дадолажьэ, зэтщІыпІа зэгурыІуэныгъэхэр хъарзынэу догъэзащІэ. Ди къаруркІэ къэпщытэныгъэ 13, Налшык къалэмрэ Шэрдж районымрэ я прокуратурэхэр тщІыгъуу кІэльпльынынгъэ зырыз мы гъэм едгъэкІуэкІати, псыр зэрауфІеми теухуа ныкъуасныгъэ 16 кьыщІэдгъэщащ, кьуплькъущІэ 11-рэ зы щІыхь кьызэрыгъэкІрэ административнэ жэуапым етІэлІащ, сом мини 112-кІэ детхьэкъуащ, - къигъэльэгъуащ Асанов Зейтун. – Къэпщытэныгъэхэр щедгъэкІуэкІым Аруан, Прохладнэ районхэм пхъэнкІий идзыпІэ Іэрыщ1хэр кьыщідгъуэтакъым, Май щІыналъэми и Іуэхум щогугъу, гъавэ щІапІэхэм, псыхъуэхэм кІэрыхубжьэрыхуэхэр щракІытыркъым. Ар и фІыгъэщ кьуажэ администрацэхэр я щІыкІэхэм зэрадэлажьэм, комиссэ хэхаэхэр щІэгъэзэкъуэн кьызэращІым, щІыпІэхэм я щытыкІэм зэпымыууэ зэрыкІэльпльпльм, кьуаншэхэм зэретхьэкъуэм. Къэралым кьыщыхалъхьэ щдзэт щІыхьэхуэхэм ди Іуэхущ Іапі эр жьыджэру хэтщ. Апхуэдэщ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным теуауа еплІанэ Урысейпсо съездым кьыщащта къэралым ябгъ иткІэ, мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-мрэ щыщхьэуІум и иужьрей щдзэтымрэ ирагъэкІуэкІахэр. ЩІыпІэхэр гъэкъэбзэным, зІуэзэпэщ щІыным хуэунэтІауэ кьызэрагъэпэща Іуэхуэхэм предприятэхэм, организацэхэм, къэрал властым и къудамэхэм я лэжьакІуэу, бизнесымрэ жьылагъуэ зэгучьэныгъэхэмрэ я лЫкІуэу мин 25-м щІигъу хэтащ. ПхъэнкІиймрэ Іэнатіэхэм кІэрыхубжьэрыхуэхэмрэ гектар 590-м щыізэхуахьэсащ, идзыпІэ Іэрыщ1у 20 Іуахащ.

Къэпсэльам къызэрыкІуэщамкІэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным пыщІа хабзэхэр нэгъэсауэ ягъэзащІэркъым. Къапщтэмэ, пхъэнкІий идзыпІэхэм проект тхьылъэр яІэкъым, абыхэм я процент 40-м нэблагъэр зыхуэзэ щІыпІэхэр санитар-гигиенэ, экологие пщалъэхэм къитІасэркъым. КІэльпльынигъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, республикэм и щІыналъэм илъэс кьэс кІэрыхубжьэрыхуу тонн мини 127,83-рэ щызэтрехьэ. Мы зэманым гектар 288,5-м пхъэнкІий идзыпІэу 117-рэ къыщагъэсэбэп. Абыхэм ящыщу УФ-м и законодательствэм къигъэувым хуэщІар зы закъэщ. Полигоным гектар 7,7-рэ еубыд, кІэрыхубжьэрыхуу тонн мин 385,9-м тещІыхьащ. Арами, абы ирашалІэр республикэм щызэхуахьэсым и процент 0,06-рщ.

Асанов Зейтун къытеувыІащ я Іуэхум хэлъ гугъуехьэр кьызыхэкІ щхьэусыгъуэхэмрэ ахэр гъэмэщІэныкІэ сэбэп хъуну кьиІытэ хэкІыпІэхэмрэ.

Апхуэдэу зэІуцІэм щедэІуащ Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Ингушым, Дагьыстэным, Шэшэным дыкъэзыухъуреихь дунейр къызэрагъэсэбэпым кІэльпльпльынымкІэ я Іэнатіэхэм я унафэщІхэу **КІуж Алий**, **Кокоев Виталий**, **Хамхоев Зыхьмухьэмэд**, **Гасанов Уэсмэн**, **Ульбиев Ахьмэд-Саид** сымэ я отчет кІэщІхэм. Аэхри зэпкърахэ нэужь, Саркисов Роман зэхьыхьэм щыжаІахэр зэхилъхьэжащ. Зытепсэльыхьахэм ятеухуа унафэхэр кьащтащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Саркисов Роман

●«СтІол хъурей»

Гу зылъытапхъэхэр ягъэбелджылы

Къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министерствэу КЪБР-м щыІэм щекІуэкІащ республикэм дин экстремизмэ кьыщымыгъэхъуным и лъэныкъуэкІэ гу зылъытапхъэхэм щытепсэльыхьа «стІол хъурей».

ДИН нэпцІым щІалэгъуалэр пэІущІэ щІыным, терроризмэм, экстремизмэм пэщІэтыным теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм кърикІуахэм, республикэм щытыкІэ зэпІэзэрыгъэ щыІэным ехьэлІауэ нэхъ зытегъэщІапхъэхэм зэпкърыхауэ къытеувыІащ ЩэхуІэм хэтахэр, а Іуэхугъуэхэм адэкІэ къызэрыпащэнури къыхагъэщащ. Хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм дин экстремизмэм пэщІэтыныжьмкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэщ абы дишэхьынкІэ хъунуэхэр кьыузэтегъэуВыІэныр, Іэщэ къэзыщта бзаджащІэхэр жэуапым ешэлІэныр.

ПсалъэмакъыІр зэхэзыубла, полицэм и подполковник **Геккиевэ Марин**э къызэрыхигъэщамкІэ, зэІущІэр зытрауха Іуэхуугъуэр ди республикэм и мазкъуэу, зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм гу зыщылъытапхъэщ.

- Экстремизмэм пэщІэтыжьмкІэ центрым и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ министерствэмрэ адрей хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэмрэ жылагъуэ зэпІэзэрытыныгъэр кьызэрагъэпэщыным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкІи дэІыгъныр, абы зегъэубгъуныр. Ди лэжьакІуэхэм гульытэ хэха хуащІ щІалэгъуалэр дин нэпцІым демыгъэшэныным, щІэблэр хэкупсэу гъэсэным йогугъу, - жиІащ абы.

КЪБР-м щыІэ МВД-м балигъ мыхъуахэм я ІуэхуэмкІэ и инспектор, полицэм и капитан **Ервас Оксанэ** зэрыжиІамкІэ, еджапІэхэм псалъэмакъ щхьэпэхэр, лекцэхэр ирагъэкІуэкІ, фильмхэр щагъэлъагъуэ. А Іуэхугъуэхэр сэбэнщ щІалэрэ щІалэгъуалэр хабзэм ебэкъуэныр, абы экстремизмэри кьыхьэу, кьэмыгъэхъуныжьмкІэ. ЩІалэгъуалэр экстремизт Іуэху мыщхьэпэм хашэнкІэ къызэпІуудыным и лъэныкъуэкІэ КЪБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм псалъэмакъхэр жылагъуэм, льэпкъхъэм я нэхъыжьхэм драгъэкІуэкІ.

Къищынэмыщ Іауэ, балигъ мыхъуахэр щІэтхъаджагъэм хашэнкІэ къызэпыудыным, адэ-анэхэм, абыхэм я кьаленыр зыгъэзащІэхэм я нэІэ щІэмыту жэщым къэзыкІухь сабийхэр кьэхутэным хуэгъэза рейд щхьэхуэхэр ирагъэкІуэкІ ПДН-м и лэжьакІуэхэм.

Урысейм и Федеральнэ Іэпхъэшапхъуэ къуэлыкъуэм и управленэу КЪБР-м щыІэм Іэпхъэшапхъуэ кІэльпльынынгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ **Харьковский Алексей** къызэрыхигъэщамкІэ, республикэм къакІуэ хамэ къэрал цІыхухэм хабзэр къызэпемыгъэудын папщІэ кьэпщытэныгъэ, кІэльпльпльынигъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІ.

- Псори дызытэпІейтей, дыхэзыгъапльэ Іуэхугъуэр, зи къуэ зыфІэкІуэда адэ-анэхэм ящыщ дэтхэнэми игъэв гуауэр зыльэІэсахэм сэри сащыщ. ИльэситІ ипэкІэ щыІа щытыкІэм елъытауэ, ма зэманыр куэдкІэ нэхъыфІ, зэпІэзэрыт хъуащ, - жиІащ псалъэмакъым кьыхьэха, Жылагъуэ советым хэт, терроризмэрэ экстремизмэмрэ пэщІэтыным жылагъуэр щызэкъуэгъэувным хуэгъэпса, «Уи унэм - мамырыгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Шыбзыхьуэ Сафудин. Абы кьызэрилъытэмкІэ, профилактикэ псалъэмакъ щхьэпэхэр мамыр гъащІэм хуэпабгъэ щІалэгъуалэр фІым хуэущиныжьмкІэ мыхъэнэшхуэ зиІэщ.

Республикэм жылагъуэ-политикэ щытыкІэ зэпІэзэрыт щІыным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр нэхъри егъэфІэкІуэным и хэкІыпІэхэм тепсэльыхьа нэужь, ведомствохэр, Къэбэрдей-Балъкъэр щыпсэуэхэр экстремизмэм пэщІэтыным я къарур хуэзэщІагъэуІэну кьыхураджащ «стІол хъурейм» кьрихьэлІахэм.

ТАМБИЙ Мырзэкъан.

Тюбеев Альберт

КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Тюбеев Альберт жэпуэгъуэм и 1-м пресс-конференц иригъэкІуэкІащ. Журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритын и пэ хъихуэу, абы зэІущІэм щызэхилъхьэжащ зи унафэщІ Іуэхущ Іапі эм мазибгъу кІуам зэфІигъэкІахэр.

МИНИСТРЫМ зэрыжиІамкІэ, Къабардей-Балъкъэрым и Правительствэр, Промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я зэгучьэныгъэр, республикэм и Профсоюзхэм я федерацэр 2014 - 2016 гъэхэм зэрыззэдзэжьынымрэ теухуа лъэныкъуэщ зэгурыІуэныгъэр бадзэуэгъуэм и 8-м зэращІыліащ.

- Социально-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зэрызэкІэлъыдгъэкІуэну щыкІэр а тхылъым щыгъэбелджылащ. Апхуэдэщ социально-экономикэ пщалъэхэр зэгъэхъуліэным, улахуэмкІэ трифрэр зэпхыдзытыным, бюджет Іэнатіэхэм лэжьапщІэр зэрыщыззэхуагъакІуэ чэнджэщэхэм теуХуахэр. Псори зэхьэлІэжар щІыхум Іэрыльхьэу кьыІэрыхьэ улахуэр зыхуэдизырщ. Ар псэун папщІэ лэжьэгъуэ ныбжьым итхэр нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм и кІэ къьх хъунукъым. Нэгъабэ и еплІанэ кварталым зэрыщыта сом 6924-м тещІыхьауэ тхылъыр дгъэхьэзыращ. Ар кІэ разрядэ зиІэ рабочэм и Іэщ1агъэм и зэзэгъэуІу тариф ставкэ нэхъ мащІэ дыдэм нэсынущ. ЩІылалъэ зэгурыІуэныгъэм зэрыщыубзыхуам тету, инфляцэр зыхуэдэм тещІыхьауэ, улахуэ нэхъ мащІэ дыдэм мазищ къэс Къабардей-Балъкъэрым щыхэпІъыжьыщ. Мы зэманым ар сом 7568-рэ мэхъу, - къиГъэльэгъуащ министрым. - Къэрал социальнэ политикэр гъэзэщІэныжьмкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхуэкіэ 2012 гъэм и накъыгъэ мазэм УФ-м и Президентым къыдигъэкІа указхэмрэ нэгъуэщІ пщэрылъхэмрэ я лъабжьэу лжьыгъэр кьызыдогъэпэщ. ЩІышылэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм кьуриубыдзу ику иту улахуэр республикэм сом 19178,1-м щынэсащ икІи нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 8,6-кІэ щыхэхъуащ. Узыншагъэр хъуумэныжьмкІэ, егъэджэныгъэмкІэ, щІыхуэм социальнэ я къащхьэщыжьныжьмкІэ, щэнхабзэмкІэ Іэнатіэхэм, щэнхабзэмкІэ еджапІэхэм ику иту и лэжьапщІэр, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, сом 17963-рэ, сом 19959-рэ, сом 9843-рэ, сом 14300-рэ, сом 17000 щохьу.

Я ІуэхущІафэм и гугъу щищІым, Тюбеев Альберт кьыхигъэщащ радиацэм е нэгъуэщІ къэхъукъащІэхэм я зэран зэкІахэм, зэкІуэда, дунейм ехьжа дзэ зауэлІхэм я унагъуэхэм, емызэгъ хущхъуэ зрахьэлІахэм, политикэ щхьэусыгъуэкІэ зэхэзехуэн ящІу зи мылкъур зыфІэкІуэдахэм, нэщхъеёгъуэ зиІэхэм, псэукІэр кьызытехьэлъхэм ахъшэкІэ зэрадэІэпыкъуэ. Мази 8-м кьуриубыдзу апхуэдэ цІыху 6113-м сом мелуан 327-рэ мин 877-м щІигъу хухахащ. «Социальнэ зэгурыІуэныгъэ» Іэмалри кьагъэсэбэп. ЦІыху хуэмышІагъэхэмрэ социальнэ къащхьэщыж Іуэхущ Іапі эм хэмрэ пщэрылъ хэхаэр зэраухьілауэ, ахэр ягъэзащІэ. А щыкІэм тету, унагъуэ 11-м сом мин 401,7-рэ ираташ. АбыкІэ джэдкъазрэ Іэщ1рэ зэрахуэнщ. Нэхъыбэу зыдэІэпыкъуэхэр бынитІ, нэхъыбэ зиІэхэрщ.

ПсэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхухьэбзэхэмрэ хуэзэм папкъэІуэн папщІэ, льготэ зиІэ цІыху 107203-м зэ етыгъуэу сом мелуан 792-рэ мин 712-рэ, нэхъ хуэмышІауэ ятха 47235-м мазэ къэс ятым хуэдэу сом мелуани 195-рэ мин 859-рэ хухахащ. Сабий зыпІ унагъуэхэм къэрал пособие лІэужьыныгъэ псори мазэ къэс и чэзум яІэрохьэ. Ахэр цІыху 59940-рэ мэхъу.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэм я Іуэхуэ1э- 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къыдэкІа КЪБР-м и Закон №029-РЗ-м зэрыжиІэм хуэдэу, бынитху е нэхъыбэ зыпІа (зыпІ), зи сабий е нэхъыбэ зиІэ анэхэм я бжьыгъэ зэпымыуэу зэкІэлъыхьауэ кьыхьідотхыкІ. Нобэ ирихьэлІэу ахэр 3168-рэ мэхъу. 2008 гъэ лъандэрэ «Анэм и щІыхь» медалыр цІыхубзи 184-м хуагъэфащащ, мы гъэм и анэ 43-м апхуэдэ пщІэ лъагъэсащ. Дамыгъэхэр щратыжкІэ абыхэми зэ етыгъуэу ахъшэ хухахьнущ, автобус цІыкІум хуэдэ тыгъэ хуащІынущ. Етхуанэ сабий е нэхъыбэ кьызыхэхъуэ унагъуэхэм, псэупІэ ираухэн е кьращэхун папщІэ, сертификат 1003-рэ хуатхащ. Мазибгъу кІуам унагъуэшхуэу 115-м сом мелуан 22-рэ мин 625-кІэ зыщІагъэкъуащ, - жиІащ министрым. - Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэрыдубзыхуам тету кьыззэдгъэпэщащ. Псори зэхэту сом мелуан 204-рэ мин 651-рэ я Іуэхум хуэхтхащ. ЩытыкІэ гугъум кьыхуэта ныбжьыщІэхэм я нэгу зегъэужьыным, я узыншагъэр егъэфІэкІуэным федеральнэ бюджетым щыщ субсидиэу сом мелуан 35-рэ мин 336-м щІигъу кьыхуаутІыпщащ, абыхэм ящыщу КЪрымымрэ Севастополь къалэмрэ щыІэ санаторохэм дгъэкІуахэм папщІэ мелуаних кьыдатащ. Гъэмахэу лъэхъэнэм кьриубыдзу зыгъэпсэхупІэ 59-м сайт 10639-м я нэгу зыщІагъэужьащ, я узыншагъэр щрагъэфІэкІуащ.

Тюбеев Альберт кьызэригъэпэгъуамкІэ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыгъэкІуэкІ лэжьыгъэм щІигъу щагъэзащІэ, цІыху мин 40-м лъэныкъуэ куэдкІэ зыщІагъакъуэ. Зи закъуэхэр, зылъэмыкІыжхэр кьахутэурэ чэзум ягъэув. Министерствэм и кьудамэ 36-рэ псэукІэр кьызытехьэлъэ нэхъыжьку мини 3,8-м щІигъум якІэлъэпльэ, я унагъуэхэм кІуэурэ зыхуей хуагъаз. Апхуэдэ социальнэ Іуэхутхьэбзэу зы мелуанр мин щитІ нэхърэ нэхъыбэ ильэсым хуээфІагъэкІ. ЩакІэлъэпльэ, щапІыж я Іэнатіэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным сом мелуан 20-рэ мин 485-рэ кьыщагъэсэбэпащ. Мы зэманым электрон ІэмалкІэ къэрал Іуэхутхьэбзэ 45-рэ зэфІагъэкІ, къалэн куэд щызэфІах центрхэм 18 щагъэзащІэ. Хуэныкъуэхэм нэхъ пэнкІыгъу ильэІэсым папщІэ, «Зыуэ щыт социальнэ телефон», «Дзыхь зыхуащІ сабий телефон» линэхэр кьызэІуахащ, нэгъуэщІ хэкІыпІэ гъэунэхуахэри фейдэ пылъу кьагъэсэбэп.

Мы гъэм и мазибгъуэм я лэжьыгъэр зыхуэдар зэпкъриха нэужь, Тюбеев Альберт журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

АРУАН Алий.
Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Тутнакъэщхэр къаплъыхь

УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым КЪБР-м кьегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий Алексей, ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КЪБР-м щыІэ Зумакулов Борис сымэ Урысейм Тезырхэр егъэпшыныжьмкІэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ, къэрал кІэуцІ кьулыкъум и полковник Мэржэкъу Мухьэмэдрэ ЦІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэныжьмкІэ и къуэдзэ, къэрал кІэуцІ кьулыкъум и полковник Бырмамыт Іэуесрэ ящыІыгуу епльащ ягъэтІысахэр щаІыгъ колоние №94-мрэ хабзэр кьызэпызыудахэр щагъэлажьэ колоние №95-мрэ.

Колоние №94-м исхэр зыщІэс пэшхэр, ахэр щызыкІэльпльпльыж Іэнатіэхэр, тезыр зытелъ цІыхубзхэр зэрагъэлажьэ щыкІэр хьэщІэхэм яригъэльэгъуащ а Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ кьулыкъум и подполковник Хьэрис Рудик. КъэпщытакІуэхэм гулъытэ хэха хуащІащ тезыр зытелъхэр зыхуэйгъэжьмкІэ кьызэрызэрагъэпэщащ, аЗхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным и лъэныкъуэкІэ администрацэм зэфІигъэкІхэм. Мэржэкъу Мухьэмэд зэпкърыхауэ тепсэльыхьащ колонием гъэсэныгъэ лэжьыгъэр зэрыщІекІуэкІым, лэжьапІэ Іэнатіэхэр зэрызэгъэпэщам, тутнакъэщым щаІыгъ цІыхубзхэм ящыщу Іэмал зэриІэкІэ нэхъыбэ лэжьэн папщІэ къагъэсэбэп хэкІыпІэхэм. КъэпщытакІуэхэр апхуэдэу щІакъуэу гъэжьапІэм, шхапІэм еплъащ, ягъэхьэзыр ерыскъым и фІагъэр къащІытащ.

Тутнакъэщым исхэм ящыщу къэлъэІуахэм абы иужькІэ Федеральнэ инспектор нэхъыщхьэмрэ Уполномоченнэмрэ щхьэхуэ-щхьэхуэуэрэ яхуэзащ икІи ахэр зыщІэупщІахэм жэуап убзыхуахэр ираташ.

Хабзэр кьызэпызыудахэр щагъэлажьэ колонием и унафэщІ, къэрал кІуэцІ кьулыкъум и подполковник Іуті Асльэн хъэщІэхэр псом япэу ежащ общежитхэм ящыщ зым. Апхуэдэу Вербицкий Алексейрэ Зумакулов Борисрэ ягъэтІысахэм щыщ зыбжанэм яхуэзащ. ЦІыхухэр нэхъыбэу зыгъэпІейтейр тэмэму лажьэхэр икІи кьытралъхьа ильэс бжьыгъэм щыщ Іыхьэ пыухьикІа кьезэхьэхьэхэр нэхъ пасэу кьызэрауТІыпщ щыкІэр арати, абы ехьэлІа хабзэ псори нэгъэсауэ гурагъэІуащ.

Колониехэм зэрыщІыам кьрикІуахэм зэщІыгъуу тепсэльыхьыжащ Управленэм и унафэщІхэмрэ хъэщІхэмрэ.

Урысейм Тезырхэр егъэпшыныныжьмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм.

●Пресс-конференцэр

Къэрал шэсыпІэ зиІэ Іуэхутхьэбзэу мелуаниплІым щІигъу

Іэщ1рэ зэрахуэнщ. Нэхъыбэу зыдэІэпыкъуэхэр бынитІ, нэхъыбэ зиІэхэрщ.

ПсэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ хуэзэм папкъэІуэн папщІэ, льготэ зиІэ цІыху 107203-м зэ етыгъуэу сом мелуан 792-рэ мин 712-рэ, нэхъ хуэмышІауэ ятха 47235-м мазэ къэс ятым хуэдэу сом мелуани 195-рэ мин 859-рэ хухахащ. Сабий зыпІ унагъуэхэм къэрал пособие лІэужьыныгъэ псори мазэ къэс и чэзум яІэрохьэ. Ахэр цІыху 59940-рэ мэхъу.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэм я Іуэхуэ1э- 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къыдэкІа КЪБР-м и Закон №029-РЗ-м зэрыжиІэм хуэдэу, бынитху е нэхъыбэ зыпІа (зыпІ), зи сабий е нэхъыбэ зиІэ анэхэм я бжьыгъэ зэпымыуэу зэкІэлъыхьауэ кьыхьідотхыкІ. Нобэ ирихьэлІэу ахэр 3168-рэ мэхъу. 2008 гъэ лъандэрэ «Анэм и щІыхь» медалыр цІыхубзи 184-м хуагъэфащащ, мы гъэм и анэ 43-м апхуэдэ пщІэ лъагъэсащ. Дамыгъэхэр щратыжкІэ абыхэми зэ етыгъуэу ахъшэ хухахьнущ, автобус цІыкІум хуэдэ тыгъэ хуащІынущ. Етхуанэ сабий е нэхъыбэ кьызыхэхъуэ унагъуэхэм, псэупІэ ираухэн е кьращэхун папщІэ, сертификат 1003-рэ хуатхащ. Мазибгъу кІуам унагъуэшхуэу 115-м сом мелуан 22-рэ мин 625-кІэ зыщІагъэкъуащ, - жиІащ министрым. - Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэрыдубзыхуам тету кьыззэдгъэпэщащ. Псори зэхэту сом мелуан 204-рэ мин 651-рэ я Іуэхум хуэхтхащ. ЩытыкІэ гугъум кьыхуэта ныбжьыщІэхэм я нэгу зегъэужьыным, я узыншагъэр егъэфІэкІуэным федеральнэ бюджетым щыщ субсидиэу сом мелуан 35-рэ мин 336-м щІигъу кьыхуаутІыпщащ, абыхэм ящыщу КЪрымымрэ Севастополь къалэмрэ щыІэ санаторохэм дгъэкІуахэм папщІэ мелуаних кьыдатащ. Гъэмахэу лъэхъэнэм кьриубыдзу зыгъэпсэхупІэ 59-м сайт 10639-м я нэгу зыщІагъэужьащ, я узыншагъэр щрагъэфІэкІуащ.

Тюбеев Альберт кьызэригъэпэгъуамкІэ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэфІэзыгъэкІуэкІ лэжьыгъэм щІигъу щагъэзащІэ, цІыху мин 40-м лъэныкъуэ куэдкІэ зыщІагъакъуэ. Зи закъуэхэр, зылъэмыкІыжхэр кьахутэурэ чэзум ягъэув. Министерствэм и кьудамэ 36-рэ псэукІэр кьызытехьэлъэ нэхъыжьку мини 3,8-м щІигъум якІэлъэпльэ, я унагъуэхэм кІуэурэ зыхуей хуагъаз. Апхуэдэ социальнэ Іуэхутхьэбзэу зы мелуанр мин щитІ нэхърэ нэхъыбэ ильэсым хуээфІагъэкІ. ЩакІэлъэпльэ, щапІыж я Іэнатіэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэным сом мелуан 20-рэ мин 485-рэ кьыщагъэсэбэпащ. Мы зэманым электрон ІэмалкІэ къэрал Іуэхутхьэбзэ 45-рэ зэфІагъэкІ, къалэн куэд щызэфІах центрхэм 18 щагъэзащІэ. Хуэныкъуэхэм нэхъ пэнкІыгъу ильэІэсым папщІэ, «Зыуэ щыт социальнэ телефон», «Дзыхь зыхуащІ сабий телефон» линэхэр кьызэІуахащ, нэгъуэщІ хэкІыпІэ гъэунэхуахэри фейдэ пылъу кьагъэсэбэп.

Мы гъэм и мазибгъуэм я лэжьыгъэр зыхуэдар зэпкъриха нэужь, Тюбеев Альберт журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

АРУАН Алий.
Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

●Тэрч щІыналъэ

МафІэ мыужьыхыр пагъэнэж

Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу Тэрч къалэм дэтым деж щыпыгъэна МафІэ мыужьыхыр нэсауэ етІуанэм нэсауэ блэрккъым.

«Іуэхур гъэзэкІуэжьным теухуауэ тхузэфІэкІыр дощІэ. Фэеплъыр кьыщызэІуаха 1985 гъэм щыщыщІэдзауэ МафІэ мыужьыхым ихъ газыр пщІэнэзу щытащ икІи абы хуэзэр щІыпІэ бюджетым зэи кьыхахьи хуей хъуакъым. Иджы щытыкІэм зихъэжьауэ щыщытыкІэ, пэкІуэ ахъшэр ттыну дыхьэзырщ»,- жиІащ къалэ унафэщІм.

«Ищ1агъэпІэхэм кьызэраджамкІэ, сом мини 100-м нэс. Счетчик щхьэхуэ зэрыщту, газ уасэр дяпэкІэ «Къэббалькъгаз» Іэнатіэм хурагъахьыну трауХуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Фщ1эн папщ1э

ГъущІ гъуэгу зэпрыкІыпІэр зэрагъэпэщыж

Къэбэрдей уэрамым хиубыдэ гъущІ гъуэгу зэпрыкІыпІэр зэрагъэпэщыжым кьыхэкІыу ар жэпуэгъуэм и 13-м сыхьэти 8-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 18-м сыхьэт 19-м нэхъыбэ зэхуэщІауэ щытынущ.

А зэманым жылагъуэ транспортыр зекІуэнущ мы кьыкІэлъыкІуэ маршрутхэм тету:

- маршрут №11-р - Идарым и уэрамым щегъэжьауэ Суворовым, Калининым я уэрамхэм, ЕтІуанэм промышленнэ дэкІыпІэм, Къэбэрдей уэрамым тету, адэкІэ Идарым и уэрамым техьэжу;

- маршрут №21-р - Идарым и уэрамым щегъэжьауэ Осетин уэрамым, Суворовым и уэрамым, Къэбэрдей уэрамым тету, адэкІэ Идарым и уэрамым техьэжу;

- маршрут №15-р - Идарым и уэрамым щегъэжьауэ Суворовым, Калининым я уэрамхэм тету, адэкІэ маршрутым теувэжу.

Лэжьыгъэхэр щекІуэкІ лъэхъэнэм зыхуэфащэ гъуэгу дамыгъэхэр пІалъэкІэ ягъэувынущ.

УЯНАЕВЭ Заринэ.

●Аруан щІыналъэ

ХадзэхэкІыр кърахьэлІэж

**Псыгуэнсу къуажэм помидор кІасэр и гуащІэгъуэу къышырахьэлІэж. Хадзэхэ гъэкІыным илъэс 15 хъуауэ елэжь Дол Амир щыгъуазэ дызэрищІамк

ЛІэужьхэм я лъэужь

Тенджыз ФІыцІэ Іуфэм Іут Сочэ къалэм хиубыдэ Лоо (Лоу) поселкэм иджыблагъэ къыщыгъуэтащ адыгэ-убых-абазэ лъэпкъ зэрыбыным и тхыдэр зыджэхэр хуабжьу зыщыгуфІыкІа щІэин. Зи гугъу тщІыр щІыуэпсым къИгъэщІа къыр мывэ джабэм ди ягъ псэуахэм кІэращІыхьауэ щыта тхыпхъэщІыпхъэхэмрэ ахэр къызыхъщ мывэ пхъэбгъумрэщ.

«ЗЫРИ ауэ сытми дунейм къытехъуэркъым, лъэужьхыншэуи къанэркъым», - жаІэ. Мы къэунэхуам хуэдэ гува-щІэхами сэтей къэхъун хуейт. Ягъэкъи хуэдэу, адыгэхэм я тхыдэм едытгъэн зи гуращхэр ноби машІэжъхьым. Апхуэдэжи блэкІам и щыпкъапІэм щыхьэт техъуэ къэхъукъащІэхэмрэ дэфтэр тхыгъэхэм къахэщыжхэмрэ зэрыщымытауэ зэблаш икІи зыхуей лъэныкъуэмкІэ яшэ. Тенджыз ФІыцІэм и Кавказ Іуфэм и къекІуэкІыкІам теухуауэ лъабжьэ зимыІэ хъыбар нэпцІкър зэхэзыхуэанэхэмрэ шыпсэусу зэрыщытыр зыдэзмыщІэжхэмрэ я эрэнкІэ, зэрыкупщІэншэ дыдэм пэжым и лъыхъуакІуэхэм гу лъамытэнкІэ Іэмал зимыІэ, «тхыдэ» нэд зэхэусыхьа куэд дунейм къытехьащ. Апхуэдэхъащ политикэ Іэзыкъ ІэзыкІэ пцІыІуэпцІышагъэ хэлъу къагъэсэбгъэпхэри.

Псалъэм папщІэ, блэкІам ирисондзэжрэхэм, гъэ екІуэкІым и пэщІодзэм Сочэ щекІуэкІа Олимп Джэгуэм ирыраГэхъэлІэу, дунейм къытрагъэхьащ щІэныгъэм пэжыжьэу зохаджьхьа шыпсэщІэхэм ящыщу зы. Абы щІыжьеІэ, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм къриубыдэу, ди хэкужьым алыджхэр, урымхэр, аланхэр, славянхэр, тыркухэр, къэзакъхэр, нэгъуэщІхэри щыпсэуауэ. Нэхъри дэ дгъэщІагъэр, апхуэдизу зэгъэкІуауэ утыкур зрагъэубыда къыхуеджэныгъэм зы псалъэ закъуэ нэхъ мыхъуми адыгэхэм (шэрджэсхэм) теухуауэ зэрыхамыгъэхьарщ. Апхуэдэ ІуэхуфбгъэдыхьэкІэм дэ, адыгэхэр, дауи, арэзы дыкъэщІыжкІэ Іэмал иІэкъым. ИкІи, гъэщІэгъуэнракъэ, ди гукъеуэр зыхащІэ хуэдэ, ди адэжьхэр ижькІэрэ зытеса щІыгужьымрэ абыхэм я псэхэмрэ абыкІэ къыддэІэпыкъу фІэкІа умышІэну, блэкІар зыхуэдам ирищыхьэтыж нэщэнэ гуэрхэр дунейм къытоунэхуэж. Апхуэдэу, тхыдэ лІэщІыгъуэхэм «къапхыубзэщъхъуКІыу», иджыблагъэ дунейм къытехутэжахэм ящыщщ Лоо (Лоу) жьылэм пмэжьжьэу къыщІагъуэтыжа мывэ пхъэбгъушхуэри.

- Тенджыз Іуфэм пэгъунэгъуу бгы зэхуакухэм къыдэж псы цІыкІур зыдэт къуэладжэр къэзыуыхьа джабэ нэкІухэм ящыщ зым, адрейхэм зыкІи хуумыгъэдэну, мывэ телъыджэ гуэр зэрыкІэрылъым и хъыбарыр си деж япэу къэзыхьэсар Лоу поселкэм бэнэныкмкІэ секцэм и гъэкаКІуэ си цІыхугъэращ, - Іуэхум къежьапІэ хуэхъуам щыгъуазэ дыхуещІ Шэхэкlеишхуэ (Большой Кичмай) шапсыгъ къуажэм дэс Хъущт Мэдин. - Абы зэрыжиІэмкІэ, и гъэсэнхэм жылэм пэмыжьжьэу щежэх псы цІыкІум и Іуфэм къыщаущыхьым, тхыпхъэщІыпхъэ тельыджэхэр хьэтещу абдежьым хэлъ мывэ пхъэбгъушхуэм гу лъатащ. ЩІалэ цІыкІуэхэм ар апхуэдизкІэ гъэщІэгъуэн ящыхъуати, яІьэгъуам теухуауэ я гъэсакІуэм хъыбар ирагъэщІащ. Мыдрейми зимыгъэгувэу ныбжьыщІэхэм зи гугъу къыхуащІа псыбэкъум ирикІуащ, къыжраІам и щыпкъапІэр зэрызэхигъэкІыуи, телефонкІэ си деж къеуащ: «Мобдежьм щылъэр фи мывэщ!» - жиІэри («адыгэхэм фи тхыдэм пыщІа щІэинщ» мыхьэнэр къригъэкІыу).

И Цыхугъэм зи гугъу ищІа щІыпІэм зэрыпэсу, Хъущт Мэдин игу къэкІащ: «сыт тедгъэкІуэдами, гъэзытгъуэй дыдэхэм хабжэ мы мывэр псыхъуэ цІыкІум къыдэшауэ дызыдэс къуажэм нэшэсын хуейщ, тхыдэ щІэинхэм хуэгущІыІэ дыгъуэгъуакІуэхэм ар къамыгъэнэху щІыкІэ» жиІэри. ИкІи и гукъэкІыр къыдэзыІигъа гупым, къуладжэ дыхьэнеИм иІьэс мин бжьыгъэкІэ дэлъа, тонн нкІуэ хуэдиз зи хъэлъагъ мывэр Шахэкlеишхуэ ягъэІэпэхуауэ, Кизилов Андрей сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм петроглиф щІыкІэм тету зэхэухуэна тхыпхъэщІыпхъэхэм япэу Іуагъэпльахэм ящыщщ Лазаревск дэт мэзым илъэс куэдкІэ щылэжьа Гъуафэ Русланрэ Сочэ къалэм фІыуэ къыщацІыхуу, и Іэщ Іагъэкі Андреи, Мейкьуапэ дэт Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и щІэныгъэрылажьэ

абы сыт хуэдиз гугъуехь пылъами. ЩІэиным къытет тхыпхъэщІыпхъэхэм япэу Іуагъэпльахэм ящыщщ Лазаревск дэт мэзым илъэс куэдкІэ щылэжьа Гъуафэ Русланрэ Сочэ къалэм фІыуэ къыщацІыхуу, и Іэщ Іагъэкі Андреи, Мейкьуапэ дэт Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ институтым и щІэныгъэрылажьэ Мыдрейми къытет тхыпхъэщІыпхъэхэм япэу Іуагъэпльахэм ящыщщ зым, адрейхэм зыкІи хуумыгъэдэну, мывэ телъыджэ гуэр зэрыкІэрылъым и хъыбарыр си деж япэу къэзыхьэсар Лоу поселкэм бэнэныкмкІэ секцэм и гъэкІуэ Кизилов Андрей сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм петроглиф щІыкІэм тету зэхэухуэна тхыпхъэщІыпхъэхэм япэу къызэралъагъуу, зыжьэу зэдзыжаІащ Іуэхур адэкІэ Мейкьуапэ дэс щІэныгъэлІ Лоупащ!э Нурбий деж екъэлІапхъэу.

Тхыдэдж, археолог цІэрыІуэр Шапсыгъым къикІ хъыбарым зимыгъэгувэу къыпэджэжащ икІи мывэ телъыджэр къыщагъуэта щІыпІэм къакІуэри зыщІапльхьащ.

- Сэ сщІэрт мыпхуэдэ щІэинхэмкІэ шапсыгъыщІми дызэригъэгуфІэнур, - къыхигъэщащ Лоупащ!э Нурбий, мывэ телъыджэм теуухуауэ «НатПрессс» хъыбарегъащІэ агентствэм и лэжьакІуэхэм хъыбар щаригъащІэм. – И ныбжькІи тхыпхъэщІыпхъэу къытещхэмкІи мыр ебгъэщхь хъунущ илъэс 50 ипэкІэ Адыгейм и Мейкьуапэ районым къыщагъуэтауэ щыта мывэ пхъэбгъум. ШапсыгъыщімкІэ къедгъэзэкІыжмэ, мыпхуэдэ мывэ пхъэбгъухэр,Октябрь Революцэ Иным ипэ къихуэу, Ольгинкэ къуажэ цІыкІум пэгъунэгъуу щІым къыщІатІыкІыжащ. ИужькІэ, адыгэ-убых-абазэ лъэпкъ зэрыбыным я тхыдэм ирапх ГъуджэкІыкІу гъэщІэгъуэныщІэ Геленджик поселкэм и Іэгъуэблагъэхэм къыщагъуэтыжащ. Дэ иджыпсту зи гугъу тщІы щІэинхэр щІэныгъэр зыщыгъуэзэхэращ. Іуэр зэрыкІэрылъым и хъыбарыр си деж ягъэзыхьэсар Лоу поселкэм бэнэныкмкІэ секцэм и гъэкІуэкІэхэм къызэралъытэмкІэ, и мыхьэнэкІи ныбжьу зэрихьэмкІи, ар бгъэдэбгъэувэ хъунущ тхыдэ щІэныгъэм ирилажьэхэм я деж цІэрыІуэ дыдэ щыхъуа «Мейкьуапэ», «Сыхьум» мывэ пхъэбгъуэм.

Мывэм Іупщ!у тыболъагъуэ дыгъэм, мазэм, бдзэжьейм, бжьыхь хуэдэу зэхэт бжэгъуэхэм къытращІыкІа сурэтхэр, пІимэ, щимэ, зэбгъуэзнатІэ нагъыщ!эхэр, нэгъуэщІхэри.

- Мыбдежьм дэ дыщирихьэлІащ «хьэтхэм я силлабарие»-кІэ зэджэ тхыбзэм. Ар дунейм япэ дыдэу къытехьа «хьэрфылъэхэм» ящыщ зыуэ къалъытэ, – жиІащ Кизилов Андрей, Сочэ къалэм и «МАКС-ТВ» телеканалым и лэжьакІуэхэм щепсэлъыпІэм.

Мывэм тет тхыпхъэщІыпхъэхэм къарыкІыр зэхэгъэкІыным иджыри лэжьыгъэшхуэ пыщІащ. Ар къыгуроІуэ Іуэхум кІэлъыпІныныр зи пщэ далъхьа Лоупащ!э Нурбии. Ауэ, абыи адрей щІэныгъэлІхэми къызэралъытэмкІэ, мы зы гъэзэгкІэ щэх хэзыгъэмыихьэжынур зыщ: мывэр и щыхьэтщ адыгэ-абазэ лъэпкъ зэрыбыным я «адэжьхэр» илъэс мини 4 ипэкІи тендж ФІыцІэм и Кавказ псы Іуфэм зэрыІуасам, зи гугъу тщІы щІынальэр зыхуэхъулей «испы унэхэр» (дольменхэр) зэтезылъхьаxэм ахэр зэрахэтам, а лъэхъэнэ жьжьжьэм къагъэсэбэпу щыта тхыбзэмэ «я Іуэху зэрыхъэлъ».

НЫБЭ Анзор.

Куэдрэ къамыгъэсэбэпыжми, ар пщІэну щхьэпэщ

Дзыр - хьэцэпэцэр щахыжкІэ, ныбгъуэхьэш (ныбгъуэ къраубыдыным хуащІа матэ) хагъэувэн щхьэкІэ, къранэ хабзэ мыха тІэкІу;

дзкабэтхъ - лы щІагъуэ зыкІэрымылъ Іэщ уэд;

емсыку - мафІэ гуащІэ уэзэмыкІуэлІэф;

енцІ - гъущІ папщІэ захуэрэ гъэшарэ зыфІэлъ бжэгъу;

епэрыпс - мэ дахэ къызыкІэрих тхІуатІуэ (лыху, одеколон, н. къ);

епкІэуэн - бдзэжьейр кІэ мажьэкІэ епкІэуэн (и кІэр щызридзэкІэ апхуэдэу хужаІэ);

Ехъуа - хуиту шха Іэщ (псалъэм папщІэ къущхьэхъум щыІэу).

енэб (папоротник) - илъэс бжыгъэкІэ зыкъэзыужь къэхІыгъэ лІэужьыгъуэщ. И тхьэмпэхэр къабзиІм ещхьщ, сантиметр 40-100-м нэс я кІыхьагъщ. Мэз щІагъхэм, псыхъуэхэм, щІыпІэ псыІэхэм къыщокІ. Адыгэхэм енэбым жьы хъуа и лъабжькІэр хущхъуэу къагъэсэбэп.

АБАЗОКЪУЭ Ахьмэд.

Псоми ди зэдай хъугъуэфІыгъуэ

Ягъэ Дунейпсо турист зэгухьэныгъэр 1925 гъэм къэунэхуащ. Абы хэлъ щІыпІапльэхэм я зэзыгъэуІу хасэм и хэщІапІэ нэхъыщхьэр хэгъуэгу куэдым къыщыщІидзащ. Мы зэманым ар Испаниеми и къалащхьэ Мадрид щыІэщ.

ЩІЫПІАПЛЪЭХЭМ нэхъыбэу я псэм дыхьэ, ахэр щІыуэпсым дезыгъэхьэх Іуэхугъуэхэм хуэфащэ гупытэ яГъэтын папщІэ, Испаниеми щыІэ Торремолинос къалэ цІыкІум 1979 гъэм щызэхьихьа Дунейпсо турист зэгухьэныгъэм и Ассамблее Нэхъыщхьэм Туризмым и дунейпсо махуэр дяпэкІэ дэнэкІи щагъэлъэпІэн хуейуэ унафэ къыщтащ. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым щегъэжьауэ, фокІадэм и 27-р Туризмэм и дунейпсо махуэу ЩІы хьурейм тет къэрал псоми къыщащтащ. ЩІыпІэ щІэщыгъуэу къащыхъухэм къыщызыущыхьын зи мыжагъуэхэм я гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэр, фестивалхэр а махуэм къалэ куэдым щрагъэкІуэкІ. Мыдрейуэ туризмэм епха Іуэхущ!апІэхэм, абы хуезыгъаджэ еджапІэхэм зэхуэсхэр къыщыззрагъэпэщ.

Дауи, абы лъандэрэ, ар Іэтауэ щагъэлъапІэри, гупытэ хэлэтыкІа нэхъ щыхуащІри Туризмэм и махуэр щыхагъэунэхукІа Испаниеращ, абы и къалэ цІыкІуу Торремолиносщ. А махуэм уэрамхэм макъамэхэр къыщоІу, фащэ зэмыфэгъуэхэмкІэ зэщыхуэпыкІа цІыкІуэр ироКІуэ, къалэдэсхэр адэкІэ-мыдэкІэ къыщызэздофэ, шы гъэщІэрэщІахэр щагъэджэгу, теплъэгъуэ гъэщІэгъуэнхэр щрагъэкІуэкІ, къэрал псом щыщІэрыІуэ пщафІэ нэхъыфІхэм Торремолинос и зэкІуапІэ нэхъыщхьэхэм лъэпкъ щхьныгъуэхэр щагъэхьэзырри, абдежьм хэт къыщыхучтэми щагъашхэ.

Дунейм цІыху тету къыщІэкІынкъым, зы щІыпІэ хэха гуэрым зыщигъэпсэхуну е и нэгу зыщригъэужьын и мураду, и гъащІэ псом къриубыдэу, зэ нэхъ мыхъуми, и лъэр нэзымыхъэсыфа, ауэ щыхъукІи, иджы зэрыжаІэу, «туристыну» къызыхуимыхуа. Хэти зэи имыльэгъуа къэралхэм макІуэри зыщепльыхь, хэти лъакъуэрыгъажэкІэ е лъэсу щалъхуэ щІынальэм и мэзхэмрэ бгыхэмрэ, зэпльыщІегъэхьэ, гъэгум кІыфІ къыщытехъуэмэ, зыщІэпльын и чэтэн унэ цІыкІуэ и щІыб илъу. Зы псалъэкІэ жыпІэмэ, махуэ къэс зи яужь иТ Іуэхуэхэм закъыдигъахуэу, зыпэгъунэгъу псы Іуфэм, мэзым, губгъуэм, щалъхуа и хэкур зыхуэхъулей нэгъуэщІ щыІпІэхэм зэ нэхъ мыхъуми и лъэр нэзыхусыфа дэтхэнэми хуэгъэзащ Туризмэм и махуэр.

Гъэщ!эгъуэнщ, ауэ цІыхур и пІэ изымыгъэзагъэ къаруушхуэхэм ящыщ зыуэ къалъытэ, щІэ гуэр зэгъэщІэным ар сытым дежи зэрыхуэпабгъэр, абы къыдэкІуэуи «сыздэкІуэм къыщыспэплъэр сыт?» гупсысэм зэрызэрихуэр. Апхуэдэ хьэл-щэным и нэщэнэхэр дэнэкІэ щыпсэу цІыхухэми яхэльщ, дуней псом къэралу тетым Туризмэм и махуэм пщІэ щІыхуащІри аращ.

Зи гугъу тщІы махуэшхуэм къэралхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэхэр ирегъэфІакІуэ, лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр гъунэгъу зэхуещІ, дин зэмылІэужьыгъуэ зезыхьэ щІыхуэхэр зэгурегъаІуэ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, туризмэр къэралхэм я экономикэм, я гъащІэм псэщІэ хэзылъхьэж унэтІынныгъэщ. Туризмэм хьэрычэт Іуэхур къызэрыхьыхьэрэ куэд щащІ. ГъэщІэгъуэнщ, ауэ щІыпІапльэу къакІуэхэм къыхуахь хэхъуэм нэмыщІ, нэгъэщІ хэкІыпІэ зимыІэхэз къэралхэри щыІэщ. ЗэрыгурыІуэгъэущи, апхуэдэхэращ туризмэм зыщыужьа нэгъуэщІ щыналъэхэм псом япэу зэпыщІэныгъэ быдэ яхуизыІэн хуейр, абыхэм я деж зыщагъэсэжын папщІэ. Зи гугъу тщІы махуэр мы гъэм «Туризмэмрэ псы гъэтІылъыгъэхэмрэ: псоми ди зэдай хъугъуэфІыгъуэхэр дывгъэхъумэ» къыхуеджэныгъэм щІэту йокІуэкІ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Хым (тенджызым) ехьэлІа псалъэхэр

Кхъуафэ,
кхъуафэжьей,
кхъухь,
хъурзэ (якорь),
кхъухьхьэнцэ, хьэнцэ,
кхъухьбзлэгъ (весло),
кхъухьдамэ, **жьыху** (мачта),
кхъухьшы (жьы кхъухьтет),
хьдзэ,
хьдзэлІ,
хьжьэ (псыдзыхэ, псыдэуэ, псыдзэуапІэ),
хы тІуащІэ, хытІыгу,
хыІу (хым, тенджызым и Іуфэ);
хыжькуий (хыуей) хым и жьапщэшхуэ,
хысыдж (волна),
хыкхъуэ (дельфин),
хытхъэрыкъуэ (чайка),
хыжьей (гуэл, псыхъуэрей) (озеро).

БЭРАУ Бышэ.

● Теплъэгъуэ

Пщащэ цІыкІумрэ псы пылымрэ

Сабийхэмрэ псэущхьэхэмрэ щызэІуІащІэ зы бзэ гъэщІэгъэныгъэ гуэркІэ зэпсальэ фІэкІа пщІэнкъым, апхуэдизкІэ тыншу зым и гум иІьэр адрейм зыхещІэри. Зи гугъу тщІы лъэныкъуитІым я зэхуаку къыдэхъуэ зэрыщІэ-гурыщІэ щэхум зэрымыщІэкІэ зэкъуэхуауэ дащыльэІэсхэм деж, дэ езыхэр зы гумащІагъэ гуэрым дызэщІимыщтэнкІэ Іэмал иІэкъым.

УЭЛДЖЫР Заур.

Зэклассэгъуахэр зэкІэлъокІуэ

Кыщпэк къуажэ школыр 1960 гъэм къэзыуахэр зэдэалъхуэзышпхъым хуэдэу нобэр къызыдэсым зэролъагъу, зэкІэлъокІуэ, зэролъытэ.

ХЭКУ зауэшхуэм и пэкІэ Бахъсэнырпсым пэгъунэгъу бгыщхь метри 100-120-рэ зи лъагагъым щауха школым тхыдэ дахэ иІэщ. Дауи, абы куэдкІэ йофІэкІ еджакІуэхэр зыхуеину псомкІи зэрапсыр щІэну иджы яухуэхэр. ЖыпІэнурамэ, а школым нэхъапэкІэ щеджахэм Іэмал яІакъым иджырей щІэблэм хуэдэу спортым зыхуагъэсэну. Зауэжьым, я щІэныгъэм хагъэхъуэн и лъэныкъуэкІэ Іэмал нэхъыбэ зэраІэрауэ къыщІэкІынщ иджырейхэр нэхъ Іущу, набдзэгубдзапльэу къыщІыдэкІуэтейри. Дауэ хъуми, мы тхыгъэр зытеухуахэр зэманым и гугъуехьэм пэщІэтыфащ, зэрыхъум хуэдэу гъащІэм зыдрагъэкІуащ.

Кыщпэк къуажэ школым и 10-нэ классыр 1960 гъэм къэзыуахэсу Балъкъэрхэ Хьэжмурат, Сэфарбий, Лидэ, Ныбжьэ Хьэсэн, Пэнжокъуэ Хьэжбий, Къарэцыкъу Борис, Тхьэзэплъыж Лидэ, Нартыжь ХьэІишэт сымэ школ нэужьым училищэм, университетым, институтым щІэгъІысхьахэщ. Язныкъуэхэм дзэм къуныкъу щащІащ. Абыхэм къахэкІащ щІэныгъэлІ, агроном, егъэджакІуэ, инженер, зоотехник. Нэхъыщхьэращи, дэтхэнэми щІэныгъэ зригъэгъуэтащ.

Школыр къызэраухрэ илъэс 50-м щІигъуами, зэдежа гупым щыщу къэнахэр зы унагъуэшхуэм хуэдэу фІыуэ зэролъагъу, зэхуэмыдзэмэ зэхуоззш. Зэклассэгъуахэр гъэ къэс псы Іуфэхэм, мэз лъапэхэм щызэІущІэуэрэ гуапэу зэбгъэдэсщ, я гуфІэгъуи я гуэзварыуи зэдагъэщу, я ехъулІэныгъэхэр зыр адрейм хуаІуэтэжу.

- ГукъэкІыжхэр куэд мэхъу. Школым дыщыщІэса зэманымрэ иджырейм ящІэкІэ зэщхьэщІ. Къапщтэмэ, дыщеджэ пэшхэр зэрагъэпэлъын пхъэтэсын, дызэрытхэну ручкэхэмрэ тетрадхэмрэ гъуэтыгъуейуэ щытащ. Хэбгъэзыхьмэ, класс псор зы тхьилъІэ деджэну къыщытхуихуаи щыІэщ. А гугъуехьэм нэхъри дызэхъуагъэуваз къыщІэкІынщ. Зы илъэси къанэркъым зэдеджахэр дызэІумыщІэу, - жеІэ Ныбжьэкъ Хьэсэн.

Апхуэдэ зэІущІэхэр гукъинэжу яГъакІуэ. Мы нэхъыжьхэм я гукъыдэжьым псом хуэмыдэу хэзыгъахъуэр я къуэрылъху-пхъурылъхухэращ. Абыхэм ятеухуа я гуфІэгъуэхэмкІэ зэдогуашэ. Зэклассэгъуу щытахэм зым и Іуэхур адрейм диІыгъыу, я изрэ я ныкъуэрэ зэрыщІэу зэкІэлъокІуэ. Школыр къызэраухрэ етІанэгъэ илъэс 55-рэ ирокъури, нэхъ Іэтауэ ар яГъэльэпІэну я мурадщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Гупсысэшхуэ зыбгъэдэлъа Нэгумэ Шорэ

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ лъэпкъ библиотекэм щекІуэкІащ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Нэгумэ Шорэ теухуа тхылъ гъэлъэгъуэныгъэрэ абы екъэлІа зэІущІэрэ.

АБОНЕНТХЭМКІЭ, лъахэхутэмкІэ къудамэхэм зэгъусэу къызэрагъэпэща мы Іуэхум хэтыну кърагъэблэгъащ Гуманитар къэхутэныгъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакІуэ Шакъ Марянэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Къущхьэбий Анзор, бзэ щІэныгъэхэм я кандидат Къардэн Мусэбий, КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм щеджэ студентхэр.

Нэгумэ Шорэ и гъащІэмрэ адыгэ лъэпкъ литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэщхьэмрэ ди щІэблэр куууэ хэгъэзыуэзэным екъэлІа зэІущІэр удихьэну, щІэщыгъуаягъ хэлъу екІуэкІыныжкІэ сэбэныщхуэ хъуащ Нэгумэм и Іэдакъэщ!экІхэри, щІэныгъэлІ гъуэзэджэхэу ХьэкІуащІэ Андрей, Хьэщхъуэжь Рае, Жэмыхъуэ Суфян сымэ езы лъэпкъыпІым теухуауэ яГъэхьэзыра щІэныгъэ лэжьыгъэхэри.

ЗэІущІэр Іыхьит!у зэхэту зэрекІуэкІами псалъэмакъыр нэхъ къулей имыщІу къэнакъым. Апхуэдэу ягъэ Іыхьым Нэгумэ Шорэ и лэжьыгъэхэм я къупщІэмэ тхыдэ мыхьэнэмрэ щытепсэлъыхьащ. ЕтІуанэр хуэгъэпсауэ щытащ а цІыху щэджащэм Іурылъа анэдэлъхуфбзэм. Гъэлъэгъуэныгъэм увыпІэ щхьэхуэ щаубыдащ «Просветитель, общественный деятель» фІэщыгъэм щІэту лъэхъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэм (1947-1994 гъэхэм) тхуэнейрэ къыдагъэкІыжа, «Народная литература кабардинцев и ее образцы (1891) тхылъхэм, абыхэм траха микрофильмхэм. Дэтхэнэми тепсэлъыхьа нэужь, студентхэм я упщІэ куэдым щІэныгъэлІхэм жэуап ираташ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Егъэджэныгъэ

Хэкупсэ гъэсэныгъэ

«2014 гъэ еджагъуэм Іэмалыщ!эхэр къыхэлъхьэн» фІэщыгъэм щІэту Санкт-Петербург щекІуэкІащ урысейпсо зэхъэзэхуэ. Хэкупсэ гъэсэныгъэм екъэлІауэ Налшык дэт гимназие №1-м абы щыпхигъэкІащ икІи фІым я фІыжу къалъытащ «Тхыдэ фаеплъэгъ къыдэкІуэтей щІэблэм яхъуэмыныкІэ школ музейхэм яІэ мыхьэнэр» проектыр.

ЕДЖАПІЭМ и музейм и унафэщІ Лий Светланэ дызэрыщитыгъуэзамкІэ, Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплъу 2004 гъэм къызэІуаха мы музейм и мыхьэнэм къыхэхъуэ зэпыту йокІуэкІ. Абы щІэх-щІэхыурэ щраГъэкІуэкІ тхыдэ дерсхэм нэрылъагъуу къыхоувэ зауэ лъэхъэнэ гугъум хиубыда хьэпшыт, тхыгъэ, сурэт гукъинэжхэр. Экспонатхэм яхэльщ офицерхэм ящІэхэлъа фэ сумкэхэр, «Максим» пулеметым пкырылъа пкъыгъуэхэм ящыщ, зауэ лыгъэм хэта сэлэтхэм ящатха письмо кІапэхэр, абыхэм ящхьэрыгъа гъущІ пыІэхэр.

Музейм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и хэкупсэ мыхьэнэр наІуэ къыщащІ дэнэкІи фІэлъ стендхэм хухаха псалъэщхьэ купщІафІэхэми: «Дэ тхъумар адэкІи фэри фхъумэну фи къалэнщ», «Дэ фэ къыфхуэдгъэнар, фэри къахуэвгъанэ фи яужь кІиувэну щІэблэм». Музейм щыболъагъу мамырыгъэм, зэкъуэтныныгъэм, хуитныгъэм укъыхуезыджэ пІанэпэхэри.

Урысейм щынэхъыбэІхэм хабжа музейм иджыпсту щыщІэдзауэ зыхуеГъэхьэщІэр Хэку зауэшхуэмрэ ди къэралым къщыихьа ТекІуэныгъэр илъэс 70 щрикъум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Планэпэр зыгъэхьэзырар КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.

«Си адыгэу, си хэку дыщэр бэрэ фысхуэпсэу!»

● Пшыхьхэр

Бжыхьэр бэвыгъэмрэ тхъэлъэIумрэ я зэманщ. Адыгэ лъэпкым дежкIэ бейуэ щытащ фокIадэ мазэр. ГуфIэгъуэ зэкIэлъхьэпытым дамэ лъэщхэм хуэдэу иIэта ди лъэпкъэгъухэм Адыгэхэм я махуэр ягъэлъэпIауэ Адыгэ фащэм и махуэр къаблэгъащ. ЖыпIэнуращи, Адыгэм и IутIыкIт. УкъызэтеувыIэурэ ущызэщIэгупсысыжым и деж ди адэжьхэм я псэ зыщIата, лъэпкъым и щхьэр лъагэу иIэту къызыхэкIам и щIэ къыщриIуэфэ махуэр езыхэм я нэкIэ зэрамылъэгъуам унгъэгумэщIырт.

Лъэпкым къикIуа гъэзэуанэм гуфIэгъуи гуаии дигуэшу къыдекIуэкIащ цей, нобэми ар лъэпкым и фащэщ, и напэщ, и напщIэщ. Адыгэ фащэр зи пкъым изылъхьэ дэтхэнэми и фэм зехъуэж, гурыщIэ IэфIыр, лъэпкъ лъагъунысгъэр кьеГъэущ, теплъэр гуакIуэ ещI. Фащэм и къарур абрагъэущ, ар къуэпсхэм уапызыщIэж, зозыгъэщIэж фаиалъхьэгъуэ теалъыджащ.

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, илъэс къэс Адыгэ фащэм и махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Ингуш республикэхэм я цIыхубэ артист, ди эстрадэм зи вагъуэр нуру къыщыблэ Нэхущ Чэрим Налшык концерт дахэ щитащ. Адыгэбзэр, адыгэ фащэр, адыгэ щэныр, лъэпкъ къафэхэр щыпэрыт пшыхьым къахуебгъэну гукъыдэж зиIа псоми (пэщым эрыщIэмыхуэнум къыхэкIыу) Iэмал яIакъым.

Уи гуапэ мыхъуу къанэртэкъым, утыкум зыкъыщызыгъэлъэгъуэнухэм къыщынэмыщIауэ, пшыхьым епIыну къызэхуэса щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмри адыгэ фащэр екIупсу зэращыгъыр. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ къуэш республикэхэмрэ къыщынэмыщIауэ, абы кьрихьэлIат Алыджым, Германием, Тыркум, Сирием къикIа хьэщIэ лъапIэхэр, нэхъыжьыфIхэр, Нэхущ Чэрим и творчествэ къуелйрфIыуэ зылъагъуэхэр.

Лъэпкъ тхыпхъщIыпхъэхэмрэ дамыгъэхэмкIэ зэщIэлыдэу гъэщIэрэщIа утыкум Iэгуауэ инкIэ кьрагъэблэгъащ пшыхьыр зи жэрдэм адыгэ щIалэ Iумахуэр, лъэпкъым и цIэр ди къэралым къищынэмыщIауэ хамэ щIыпIэхэми щызыгъэIуа, адыгэбзэр зи псэм хэль, адыгагъэр зи псэукIэ, адыгэ фащэр зи пкъым къыщылыдыкI Нэхущ Чэрим. «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым я гъусэу гукъыдэжыр къэзыIэту гушхуэныгъэ къыпхэзылъхьэ «Нэхущым и къафэмкIэ» ирагъэжьащ концертыр.

Сыт щыгъуи хуэдэу, акъыл жанрэ гушыIэ дахэкIэ гъэнщIауэ гуимыхуж пшыхьыр иригъэкIуэкIащ гур дэпсэхуу адыгэбзэ кьабзэ зыIурылъ Гуэ Маринэ.

- Лъэпкым и тхыдэм, и лIыгъэм, и хабзэм я дамыгъэ адыгэ фащэм и махуэр зэрабзыхуэам дэтхэнэ адыгэми гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ кьыдет. Мы махуэ дахэм иджыри зэ ди лъэпкъ фащэр щыттIэгъэну Iэмал хэха догъуэт. ДызэрыщIэрэ дызэщIыгъуу, дызэрылъагъурэ дызэрыгъуэту, дыкъызэдэфэрэ дыкъызэдэуджу, адыгэ фащэм и махуэм хуэдэу дызэхуэзышэсхи махуэ лъапIэ куэд лъэпкым диIэну сыфхуохъухъухъуэ! - псалъэ дыгъэлхэмкIэ къызэIуихащ Гуэмэм пшыхьыр.

Адыгэ лъэпкым, фащэм, лъагъуныгъэм, гурыщIэ кьабзэм, ди щIыналъэ дахэм, щIэблэм, кьафэм, адыгэ бзылъхъугъэм, нэгъуэщI куэдми теухуат Нэхущым игъэзащIэ уэрэдхэр. Гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым пэшым щIэс псоми аxэр фIыуэ зэралъагъур, ар Iэгуауэ инкIэ кьрагъэблагъэуэ ирагъэжьэжырт. ГущIэм зыдигъаззэрэ гу кьуэпсым налъэу иIэм лъэIэсыф макъ гуакIуэмрэ адыгэбзэ кьабзэмрэ уатхьэкъурт, утыкум щыплъагъу дахагъэм, гум ехуэбылIэу кьару кьыпщIэзылъхьэ адыгэбзэм и къэIукIэм укъызэхэ̀Iа лъэпкым и гушхуэныгъэ мыкIуэщIыр кьыпхилъхьэрт.

Адыгэ эстрадэм и уэрэджьIакIуэ пэрыт Нэхущ Чэрим адыгэ фащэм и бзэр щыщIэныгъэншIэу зэрищIэм и щыхьэту модельер цIэрыIуэ Сэралът Мадинэ и Iэпэ кьыпыкIа фэиалъхьэгъуэ екIухэр пшыхьым щызэрихъэжьIырт.

Кавказым зи лъэ кьизыхьа лъэпкъ псомри ди адыгэ фащэр кьызэращтам ар нэхъ дахэу, екIуу зэрыщытыр кьегъэлъагъуэ.

Уэрэдрэ къафэрэ зэщIэлъу ирагъэкIуэкI пшыхьым тхьадэри гулъытэншIэ щащIакъым. Гуэ Маринэ кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкIыжащ «Адыгэ цейм дахагъэрэ тыншагъкIэ кьытекIуэн щыгъын, Азием кьищынэмыщIауэ, Европэми щысльэгъуакъым» псалъэ Iущхэр Хъанджэрий Сультан зэрыжиIауэ щытар, апхуэдэуи Грозный Иван пащтыхым дежь щыIэхэм ящыщу адыгэхэм фIэкIа и лъэпкъ фащэр щатIэгъэну зыри хуиту зэрыщымытар.

Ди адэжьхэм я Iэужь дахэмрэ абыхэм къащIэна хъыбар Iущхэмрэ кьыхэщу щIыхубэм фIыуэ яльэгъуа уэрэдыжьхэр Вэрокъуэ Валерэрэ Лэкъун Анатолэрэ я пшынэ макъ щабэм щIэту, ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ Институтым и еджакIуэ цIыкIуэхэр дежьууэ Чэрим щигъэзащIэм, зи нэпсыр кьызыфIекIуахэри кьызэхуэсахэм кьахэкIащ. Пшыхьым кьрихьэлIа куэд зыпэплъа уэрэдыщIэм и лъэтеувэми ирагъэжьакъым куэдрэ. Уэрэд дахэм пэшым щIэхэсэм хуаIэта Iэгуауэ щхуэр Нэхущым игъэзащIэ адрей уэрэдхэм екIупсу зэрабгъуриувам щыхьэт техъуэрт.

Адыгэм и дамыгъэ фащэр щагъэлъапIэ пшыхьым кьафэ тепльэгъуэ гъуэзэджэ утыку кьащрахьащ Къэрэшей-Шэрджэсым и филармонием кьафэмкIэ и театрым.

Концертыр и кIэм щынэблагъэм, уэрэдкIэ лъэпкъым екъуэхьащ Нэхущыр. Абы игъэзэщIащ псомри фIыуэ я щIэщыгъуэгъыр имыкI «Си адыгэу, си лъэпкъ дыщэр бэрэ фысхуэпсэу!» уэрэдыр. Пшыхьыр щызэхуащIыжым Нэхущым псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ кьызэхуэсахэм: «Ирепсэу си лъэпкъ бжьыфIэр! ИугъащIэ Адыгэ фащэм!»

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Щоджэнцыкlу Алий и цlэр зезыхь Къэбэрдей къэрал драмэ театрым жэпуэгъуэ мазэм фыщеплъ:

Жэпуэгъуэм и 9-м Галин Александр. **«БлэкIам къэгъазэ иIэкъым»** (*Трагикомедие*)

Жэпуэгъуэм и 22-м Альдо Николаи. **«Гулъытэншэ хъуахэр»** (*Трагикомедие*)

ЩыщIидзэр сыхьэт 19-рщ.

Жэпуэгъуэм и 15-м Дуэмэн Мурадин. **«Уэлий и парашютэ»** (*ТушыIэ*)

Жэпуэгъуэм и 30-м Къэшэж Инэ и фэеплъ пшыхь

УпщIэ зиIэхэр псалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ:

42-64-9; 42-33-89.

Урысей МЧС-м и щIыналъэ центрхэмрэ еджапIэхэмрэ я командэ кьыхэха 16 хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа футбол щыкIуамкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэм кьрикIуахэр зэхалъхьэжри, ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьахэр «Спартак» стадионым щагъэлъэпIащ.

НАЛШЫК махуищкIэ футбол щыкIу спорт зэхьэзэхуэм и щIыпIэ хэхауэ щытащ. Удэзыхьэхыу, командхэр зэкъуэту, ерыщу текIуэныгъэм хуэпабгъэу екIуэкIащ зэпеуэр. Пэжщ, щыIэщ фэбжь зыгъуэтахэри, зыщыгугъар кьызэмыхъулIаи. ИтIани, а псомри ятекIуащ хьэрхуэрэгъуэм я деж нэхъыфIу зыкъыщыгъэлъэгъуэныр.

Зэпеуэ гуащIэм командэ нэхъ лъэщхэр, спортсмен нэхъыфIхэр кьигъэлъэгъуащ, Урысей МЧС-м и щIыналъэ центрхэм я командэ кьыхэхахэм я деж бжьыпэр щаубыдащ Ищхъэрэ-Къухьэпlэ щIыналъэ центрым и футболистхэм. Урысей МЧС-м и Сыбыр щIыналъэ центрым и командэм етIуанэ увыпIэр лъысащ. Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм я щIыхьыр зэхьэзэхуэм щаухъумащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и командэ кьыхэхам. Абы ещанэ увыпIэр зыIэригъэхьащ.

Ищхъэрэ-Къухьэпlэ щIыналъэр псоми япэ йощ

● Спартакиадэ

Спортсмен нэхъыфIхэу кьалъытащ: Тарлецкий Михаил (гъуащхьэтет, Урысей МЧС-м и Сыбыр щIыналъэ центр), Чевлев Александр (гъуащхьэхъумэ Урысей МЧС-м и Ищхъэрэ Къухьэпlэ щIыналъэ центр), Темлуков Мурат (топ нэхъыбэ дэзыгъэкIа, Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ центр), Абдулханов Юрий (гъуащхьауэ, Урысей МЧС-м и Приволжскэ щIыналъэ центр).

Урысей МЧС-м и еджапIэхэм я зэпеуэм щытекIуащ Урысей МЧС-м МафIэсым пэщIэтыныжмкIэ и къэрал кьулыкъум (ГПС) и Санкт-Петербург университетым и командэр. Урысей МЧС-м МафIэсым пэщIэтэныжмкIэ и къэрал кьулыкъум и академием и гупым етIуанэ увыпIэр кьахьащ. Урысей МЧС-м Граждан зыхъумэжныгъэмкIэ и академием и футболистхэр ещанэ хъуащ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм ехъэхъащ, икIи кубокэр, дипломхэр, медалхэр, ирагащ Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ центрым и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ генерал-майор Пленников Виталий, КъБР-м и спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Деуреченский Анатолий, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI полковник Надежин Михаил, управленэм и лэжьакIуэ, самбомкIэ дунейпсо чемпион Уншхуэлl Аслъэн сымэ.

ЕхъулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьа командэхэр зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзыра тренерэхэр гулъытэншэу кьагъэнакъым. Надежин Михаил абыхэм яритащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм кьыбгъэдэкI саугъэт лъапIэхэр.

ГуфIэгъуэ щытыкIэм иту зэхьэзэхуэр зэхуащIыжащ. КIэухыу псалъэ зрата Урысей МЧС-м и центральнэ спорт клубым и унафэщIым и кьуэдзэ кьэрал кIуэцI кьулыкъум и полковник, зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Мишакин Вячеслав екIуу кьызэрыгагъэблэгъам, кьыхуащIа гулъытэмрэ ягъуэта гукъыдэжымрэ папщIэ кьызэгъэпэщакIуэхэм фыщIэ яхуищIащ. ХьэщIагъэшхуэ, пщIэ, нэмыс щызэкIуэ, лъэпкъыбэ лъахэ телъыджэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэусыгъуэ дахэкIэ кьытрагъэзэжмэ, зэригуапэр абы жиIащ.

Къэралым и щIыналъэхэм кьикIа спортсменхэм зэхьэзэхуэм кьахудэхуа зэманыр нэгузыужьу ягъэкIуащ. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ дахэхэм зыщалIыхьащ, лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыIуагъэхуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Лъакъуэрыгъажэ спорт

Саугъэт нэхъыщхьэ

Олимп чемпион Шыхъуэ Борис и саугъэтхэм щыщIэбэна 13-нэ зэхьэзэхуэ Шэджэм куейм щекIуэкIащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, ахэр ирикIуащ Шэджэм Етlуанэ - Булунгу гъуэгум. Илъэскъэсаз зэхьэзэхуэхэр Шэджэм школакIуэхэм я деж нэхъри цIэрыIуэ щохъу, абы крихьэлIэхэми къахохъуэ. Лъакъуэрыгъажэ зэпеуэм районым и ныбжьыщIэ 200-м щигъу хэтащ.

ИДЖЫРЕЙ зэхьэзэхуэм километр 15 хъу Шэджэм Етlуанэ - Булунгу гъуэгум къыщызэдэжащ лъакъуэрыгъажэ спортым дихьэх ныбжьыщIэ 300-м нэблагъэ. Ахэр километр 15 гъуэгуанэм теуват икIи я ныбжь елъытауэ гупитIу гуэшауэ щытащ.

Зэхьэзэхуэм и саугъэтхэм щIэбэныну къызэхуэса спортсмен ныбжьыщIэхэр ягъэгушхуэну кьрихьэлIат хьэщIэ лъапIэхэр – Шэджэм район щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэ Ахъуэхъу Къанщокий, Шэджэм куейм и щIыпIэ самоуправленэм и советым и унафэщI Уэдыжь Хьэсанш, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Олимп чемпион Кьардэн Мурат, алыджурым бэнэкIэмкIэ СССР-м, Урысейм зыбжанэрэ я чемпион хъуа Жаным Аслъэн, КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI Анаев Аслъэн, район администрацэм физкультурэмрэ спортымкIэ и кьудамэм и Iэтащхьэ КIыщ Мухьэрбий, илъэс куэд хъуауэ зэхьэзэхуэм и кьызэгъэпэщакIуэ алыджурым бэнэкIэмкIэ спортым и мастер Бекъан Хьызыр сымэ.

НэхъыщIэ гупым я зэпеуэм щытекIуащ Шэджэм дэт школ №4-м и еджакIуэ Мизиев Тамерлан. Етlуанэ увыпIэр кьихьащ Шэджэм Етlуанэ кьуажэм щыщ школакIуэ Чыл Амир. Макитов Анзор (Шэджэм Ищхъэрэ) ещанэ хъуащ.

Нэхъыжь гупым я деж япэ, етуанэ увыпIэхэр кьыщахьащ Хъущтэ-Сырт кьуажэм щыщ Тохаевхэ Магомедрэ Салимрэ. Ещанэ увыпIэр лъысащ Шэджэм Етlуанэ кьуажэм щыщ Борсэ Алан.

Зэхьэзэхуэм кьыщыхэжаныкIахэм кубокхэр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр ираташ. Япэ увыпIэр кьэзыхьахэм Олимп чемпион Шыхъуэ Борис и цIэкIэ екIуэкI зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр – лъакъуэрыгъажэхэр - ялъысащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Фестиваль

ЯхуэзфIэкIыр мащIэкъым

Владикавказ дэт «Манеж» спорт уардэунэм щекIуэкIащ «Кавказ мамыр» урысейпсо щэнхабзэ-спорт фестиваль. Хабзэ хъуауэ илъэс кьэс ирагъэкIуэкI а Iуэхугъуэм хэтащ Осетие Ищхъэрэ-Алание, Осетие Ищщэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Дагыстэн, Ингуш республикэхэм, Армением, Ставрополь, Краснодар крайхэм я спортсмен 800-м щIигъу.

ЗЭПЕУЭМ кьрихьэлIахэр зэхьэзэхуащ, каратэ - киокусинкай, Iэпщэрыбанэ зауэкIэ, самбэ, кикбоксинг, вьет-во, дао, тай бокс, джиуджитсу, тхэквондо спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ, къэфакIэ спортымкIэ. Фестивалым екъулIэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ КъБР-м Iэпщэрыбанэ зауэмкIэ и федерацэм и спортсменхэм. Абыхэм ящыщу ГьукIэ Альберт, Ныр Беслъэн, КIуащ Илсиям, Хьэкъун Сэлим сымэ бжьыпэр яубыдащ. Ди бэнакIуэхэм етIуанэ увыпIэу 6, ещанэу 7 кьахьащ. Япэ увыпIищыр зыIэрызыгъэжьа спортсменхэр я гъэсэнщ тренерхэу Мамхэгъ Iэдэм, Шыд Къасболэт, КIэрашэ Джамболэт, Дыджэ Алим сымэ.

Каратэ-киокусинкайм ди спортсменхэм етIуанэ командэ увыпIэр щызыIэрагъэхьащ. Абыхэм япэ увыпIэу 5, етIуанэу 3, ещанэу 6 кьахьащ. Фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр щызыхьэнар Iэпщэрыбанэ бэнакIуэхэмрэ каратистхэмрэщ. Апхуэдэу щыт пэтми ди республикэм и спортсменхэм командэ зэпеуэм ещанэ увыпIэр кьащIыльсащ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Куэд зэхуешэс

● Шахмат

«Ладья» клубым щекIуэкIащ шахматхэмкIэ КъБР-м и 52-нэ чемпионат.

ШВЕЙЦАР мардэм тету Iыхьи 9-у гуэшауэ зэхэта зэхьэзэхуэм спортсмен 36-рэ хэтащ. Абыхэм ящыщу 26-р спортым и мастер цIэр кьыфIащыныжмкIэ кандидатщ. ЩIэщыгъуэгъ куэд хэлъу къызэрагъэпэща зэпеуэм и чемпион хъуащ Май районым щыщ Къер Батыр. Абы очкои 7,5-рэ кьихьащ. Етlуанэ увыпIэр яубыдащ Кьала Альбертрэ (Шэджэм район), Кьудей Русланрэ (Налшык).

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм, Шахмат-шашкэ джэгуэхэмкIэ федерацэм, Налшык кьалэ шахмат-шашкэ джэгуэхэмкIэ и клубым я щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Кикбоксинг

Дунейпсо утыкур ягъэбжьыфIэ

Италием и Римини зыгъэпсэхупIэ щIыпIэм щекIуэкIащ кикбоксингымкIэ дунейпсо чемпионат. Абы я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ къэралыгъуэ 60-м я спортсмен нэхъыфIу 1600-м.

УРЫСЕЙМ и гуп кьыхэхам хэту утыку ихьащ Аруан районым и сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэнхэу Алборэ Амир, Урыс Замудин, Хъуромэ Залым сымэ, абыхэм я тренер Саралидзе Айдин ящIыгъуу. Зэрыгурыуэгъэущи, апхуэдэ зэпеуэшхуэхэм хагъыхьэр фIым я фIыжьхэрщ. Гуапэщ Римини щыIа ди щIалэхэр екъулIэныгъэ яIэу утыку кьызэрикIыжар. Зи хьэлъагъыр килограмм 75-рэ хъухэм я деж Алборэ Амир япэ зэIуцIэм щыхигъэщIащ и хьэрхуэрэгъу мэжэр спортсменыр, арщхьэкIэ етIуанэм кьыщыпэва серб щIалэм зы мащIэкIэ пэлъэщыжакъым. Алборэм жэз медалыр кьихьащ. Урыс Замудин етIуанэ увыпIэр кьыхуагъэфэщащ, Хъуромэ Залым ещанэщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я щхьIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхугъапlэхэм ядэлжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэху жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхугъапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу ПхъитIыкI Азэмэт** (*1, 2-нэ нап.*), **Мырзэкъан ФатIимэ** (*3, 4-нэ нап.*). *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.626 ● Заказ №1948